ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ПЛАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№8 (23.822) ● 2019 гъэм щIышылэм (январым) и 24, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и прокуратурэм нэгъабэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэм хоплъэж

Iэнатlэ зэмылlэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр кърихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и коллегием иригъэкIуэкIа зэIущIэм щIэсащ Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокурорым и къуэдзэ Сыдорук Иван, КъБР-м къегъэщIылIа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачёв Евгений сымэ. Зыхэплъа Iуэху нэхъыщхьэм тегухуа докладыр ищIащ КъБР-м и прокурор Жариков Олег.

КIУЭКIУЭ Казбек къыщыпсалъэм къыхигъэщхьукIащ цIыкIуэм я шынагъуэншагъэмрэ абыхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ пыщIа Iэнатlэ псори нэгъабэ прокурорхэм я нэIэ зэрыщIэтар. Къэпщытэнымгъэхэр яхэзыунэтIауэ щытащ законхэр щамыгъэзащIэ, цIыкIуэхэм я хуитынытыгъэхэр къыщызэпаудэ къэмыгъэхъунымкIэ, щIэпхъэджащIэхэм япэщIэтынымкIэ, коррупцэр къызэпыудыкынымкIэ хабзэхъумэ органхэм я зэфIэкIыр зэщIэгъэгъуэгъуэным.

Хабзэхъумэ орган псоми прокуратурэр тэмэму зэрадэлажьам и фIыщIэкIэ республикэм шынагъэншагъэмрэ жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрыпынигъэмрэ нэхъри нэхъ тэмэму щызэтеуващ.

Нэгъабэ, жиIащ КIуэкIуэ Казбек, мыхьэнэшхуэ зиIэ жылагъуэ-политикэ Iуэху куэд екIуэкIащ икIи абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэщ Урысейм и Президентыр зэрыхахар. Къэбэрдей-Балъкъэрым а хэхныгъэхэр ныкъусаныгъэншэу икIи зэщIэгъэуIуауэ къыщызэрагъэпэщащ. АбыкIэ фIыщIэ ябгъэдэлъщ прокуратурэмрэ адрей хабзэхъумэ органхэмрэ. Республикэм и Унафэщым апхуэдэу лэжьыгъэм зэрыбгъэдэтым, я къулыкъур хьэлэлу зэрыракъэкIым икIи КъБР-м и къэрал властым и органхэм сыт и пЛэнныкъуэкIи зэрадэIэпыкъум къыхэхIыу прокуратурэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ.

А псоми къадэкIуэу, къигъэлъэгъащ КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм, республикэм и цIыкIуэр зыгъэпIейтей Iуэху цIыхьэхэр щыIэщ. Апхуэдэхэм ящыщу цIыкIуэр нэхъыбэу щIэтхъэусыхэ ныкъусаныгъэхэр: лэжьыгъэм, псэупIэм я пЛэнныкъуэкIэ хуитыныгъэхэр къыщызэпаудэ къызэрыхъур, экологиер, щы Iуэхугъэр. «Нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъын хуейщ IуэхугъэмкIэ законодательствэр зэрагъэзащIэм. Ар псом я дежкIи мыхьэнэ хэха зиIэ Iуэхущ. Апхуэдэу прокурорхэм гулъытэншэу благъэкI хъунукъым лэжьапщIэр цIыкIуэм я зэманым щаIэрымыхьэ къыщIэхъум и щхьэусыгъуэхэр. Езыхэм и поломочиехэм ирибудыдэу прокуратурэм и лэжьакIуэхэр зэпымыууэ кIэлъыплъын хуейщ цIыкIуэм социальнэ дэIэпыкъунигъэхэм, пенсионэм я пЛэнныкъуэкIэ яIэ хуитынигъэхэр къыщIэпэщащ зэрыхъум. Фэ къэвгъэлъагъуэ жыджэрыгъэм цIыкIуэм фIэщцхъунигъэ ярет къэралыр захуагъэм зэрытетымрэ къару зэрыбгъэдэлъымкIэ икIи а Iуэхур фи лжьыгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Къэпсалъэм хэхауэ зэпкърихащ псэупIэм, архитектурэм яхэлIа законодательствэр, къалэр ухуэнымкIэ хабзэхэр гъэзащIа зэрыхъур. А Iэнатlэм ныкъусаныгъэ нэрылъагъуэр щыIэщ. Апхуэдэу, къигъэлъэгъуащ республикэм и Унафэщым, дяпэкIи къагъэтIасхъэ хьунукъым псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и лъэныкъуэкIэ цIыкIуэм яIэ хуитынигъэхэр хъума зэрыхъум кIэлъыплъынымр, сыту жыпIэмэ а Iэнатlэм иджыри гъэпщIагъэхэр щыIэщ, псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхъэбзэхэр кьыззэгъэпэщхэр я къалэнхэм хьэлэлу щыбгъэдэмыт, мыпкъур щызэхадыгъуэ къохъу.

Прокуратурэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэ хабзэншагъэхэм ебэнымкIэ хабзэхъумэ органхэм я зэфIэкIыр зэгъэуIунымр, республикэм щыIэ хабзэ щытыкIэм зэрызихьуэж щыкIэр къэлъытэныр. «Коррупцэм и лъабжьэ щIэудыным и лъэныкъуэкIэ прокуратурэм зэфIигъэкIхэр нэхъри нэхъыбэу щытын хуейщ. Къэрал мылъкур кьызэрагъэсэбэпыр хабзэм къезэгъыу зэрыщытыр къэпщытэнымкIэ, къэралым папщIэ зэказхэр щытрагъашхэ законым зэрытетым кIэлъыплъынымр абы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ. Мыбдеж гулъытэншэу кьагъанэ хьунукъым бюджет ахъшэр зыхуахъа мурадхэм тету кьызэрагъэсэбэпри».

Урысей Федерацэм и Президентым нахьыгъэ мазэм кIуэдыгъэкIа Указыр гъэзащIэным хуэгъэзауэ зэхалъхьа лъэпкъ проект 12-м трагъэкIуэдэн папщIэ къэралым и мылъкушхуэ республикэм хухах. Дэ псоми ди къалэн нэхъыщхьэ дыдэщ аэр зэгъэзэхуауэ икIи зыхуахаа мурадхэм хуэунэтIауэ къэгъэсэбэпыныр», - къигъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм кьызэрилытэмкIэ, нэхъ жыджэру елэжьын хуейщ хьэрычатыщIэхэм, хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм я хуитынытэхэр хъумэным.

КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIамкIэ, зэпымыууэ гулъытэ зыхуэщIыпхъэ адрей Iэнатlэхэм ящыщщ социальнэ Iуэхутхъэбзэхэр, егъэзэжьнытэм, узэшыгагъэр хьэмэным пыщIа Iуэхутхъэбзэхэр кьызэзыгъэпэщ Iуэхущ IапIэхэр. «Апхуэдэу, зэрыгурыIуэгъуэщи, фэ зэпымыууэ фи нэIэ тетын хуейщ республикэм тэмэму зиужьыныжьмкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум - жылагъуэ-политикэ зэпIэзэрыпынигъэр гъэбыдэным», - къыхигъэщхьэхуакIащ къэпсалъэм. КIуэхуэ КIуэкIуэм кьыгъэлъэгъащ прокуратурэр Урысейм и хабзэхъумэ системэм и Iэнатlэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу кьызэрекIуэкIыр. Абыхэм кьапэщIыт къалэн инхэм япэлъэщIыр зэфIэкIрэ щIэнигъэрэ зыбгъэдэлъ лжьакIуэхэрщ. Поломочие инхэр кьызэрыратам кьыхэкIыу аэр дагъуэншэу, нэгъэсауэ щытын хуейщ. «Щэч кьытесхьэрыкым фи кьулыкъым пыщIауэ фэ кьывбгъэдэхуэ къалэнхэр щIыхь пылъу зэрыягъэзэщIэнум, зэпIэзэрытынигъэр, законыр, хабзэр хъумэным фхуэзфIэкI псори зэрыхэфщIыхьынымр, социально-экономикэ зыужьынигъэр щIэгъэхуэжьынымр, цIыкIуэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ я кьралым и Президент Путин Владимир кьигъуэва стратегие къалэнхэр дгъэзэкIынымр ди цIыхубзм я гъуэгу кьызэрызэгъэпэщынум», - жиIащ щIыналъэм и Унафэщым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

МафIэдз Сэрэбий ящыгъупщэркъым

ЩIэныгъэлI, тхалIэу, тхыдэдж МафIэдз Сэрэбий къызэралъхурэ илъэс 84-рэ щрикъум ирихьэлIэу я лIы щдэжащэм и фэеплъ пхъэбгъу дыгъуасэ къыщызэIуахащ ар щыпсэуа. Налшык къалэ дэт унэм.

А IуэхУм кърихьэлIат КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я лIыкIуэхэр, щIэныгъэрылажьэхэр, МафIэдзым и ныбжьэгъуэр, благъэ-Iыхьлыхэр, и творчествэр фIыуэ зыпIагъуэр.

Лъэпкъ литературэм, тхыдэм, Iуэрыпсатэм, егъэджэныгъэм хэмыгъэщэжьын лъагъуэ щыпхъышуа Сэрэбий теухуауэ псалъэ дахэ куэд щыжаIащ пэкIум.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** къыщыпсалъэм жиIащ, иужьрей зэманым хабзэ дахэ хъуауэ, лъэпкым хуэлэжьа цIыху щэджащэхэр зэрагъэпъэлIэр, иджыпей зэхьыхэри абы и зы щапхъэу зэрыпхъэ зэрыхъунр.

- Сэрэбий щIэныгъэмрэ этнографиемрэ хуищIа хэлъхьэныгъэм и закъуэкъым и цIэр жыжьэ зыгъэIуар. Ар цIыху хьэлэмэтыщIу, акъыл куу зиIэ адыгэлIу щытащ. Абы и псэм и лъэпкъыр, хэкур щIигъафIэ зэпыIт. Абы и IэдакъэщIакIэ «Адыгэ хабзэ» тхылъыр зэрымылъ зы адыгэ унагъуи щыIэу къыщIэкIынкъым.

Нобэ мы унэм кIэралъхьа пхъэбгъуи иджыри зэ щыхьэт тохъуэ лъэпкъым хуэпсэуахэм я цIэхэр зэрымыкIуэдыжыр, - жиIащ Къумахуэм.

КъБКъУ-м и президент, профессор **Къарэмырзэ Барэсбий** и къэпсэльэныгъэм МафIэдзым курыт еджапIэм зэрыщригъэджам и мызакъуэу, и класс унафэщIу зэрыщытари къыхигъэщащ. Уэбгъэмэ Къарэмырзэм и апэ статьяр «Университетская жизнь» газетым къытрезыгъэдзауэ щытар Сэрэбийт.

- А лIы щэджащэр КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат тIэунейрэ зэрыхъуар и лэжьыгъэ кьызэрымыкIуэжам я фIыгъэ. Абы и закъуэдэ ди республикэм апхуэдэу исар. «Адыгэ хабзэ» тхылъыр Iуэжь мыкIуэдыжщ, абыкIэ дэ хабзэр дджьжьым и мызакъуэу, ар мыкIуэдыжьын лъэужь дахэщ. Адыгэ щыпсэу дэнэ къэралми щыIэщ а тхылъыр.

«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыщIэ Мухьэмэди** кьызэхуэсахэм захуигъэзащ.

- МафIэдз Сэрэбийрэ сэрэ зэныбжьэгъуфIу дыззэрыщытам и мызакъуэу, дызэрызэгъуэнгъуэм и фIыгъэкIэ махуэ къэс дыззэрыльагъурт. ИкъукIэ цIыху гъэщIэгъуэнт. Абы адыгэбзэкIэ къытхуигъэна лжьыгъэхэр фIыгъуэ мыльытэщ. «Адыгэ хабзэ» тхылъыр япэу кьыщыдэкIам къызэрымыкIуэу сыщыгуфIыкIат, абы пэхъун тхылъ Кавказ Ищхъэрэм ильтэжьым. Гъэ кIуам а тхылъыр Емуэ Баязит зэрядэкIри, Тыркум къыщыдэкIауэ щытащ. Абы и лъэтеувэм дэри дахэтати, а тхылъым, езы Сэрэбий абы къыщыхуащIа пщIэм ди цIыхэр лъагэу дигъэльагъужауэ дыкъэкIуэжат. Абы хуэдэлIкъым ящыгъупщэр. Мы Iуэхур жэрдэм зыщIа псоми фIыщIэ яхузощI. Абы лъэпкъым хуиущар тщымыгъупщэу, дыхуэфащэу Тхьэм дигьэпсэу.

КъыкIэлъыкIуэу псалъэ ираташ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ**.

- Сэ нобэ Парламентым и закъуэкъым сызилIыкIуэр, атIэ благъэ тхуэхъуа МафIэдз лъэпкъым къабгъэдэкIыу сыпсэльэну сыхуейт. Си жагъуэ зэрыхъунщи, сэ Сэрэбий щыпсэум сщIыхуакъым, иужькIэ и Iэдакъэщ IэкъэкъмкIэ, къыщIэна унагъуэмкIэ нэIуасэ зыхуэсщIауэ аращ. Ар хабзэм тетхыкъ къудейтэкъым, атIэ ткIийуэ абы тет цIыхут. Лъэпкъ хабзэхэм теухуа сыт хуэдэ упщIэми и жэуап нэс щыбгъуэт абы и тхылъым. Мы даузадпщэм хэтыну кьеблагъа псоми фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейщ, - захуигъэзащ абы кьызэхуэсахэм.

Сэрэбий и къуэш **МафIэдз Борис** кьызэхуэсахэм зэIущIэм и кIэхъуу фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ, абы жиIащ и къуэшыр лъэпкъым папщIэ зэпсэпсэуар, ауэ щыхьэкIи и гугъуэхьыр псэхэкIуадэ мыхьауэ къызэрилытэр. Абы пщIэ хуэзыщI, зыльытэ цIыхухэр зэрыщыIэм гушхуэныгъэ къызэрыхилъхьэри дыщIигъужащ. Борис щхьэхуэу фIыщIэ хуищIащ Сэрэбий и щIэгъэкъуэну сыт щыгъуи щыта, нобэми лъэпкъым хуэлэжьэн Iэнатlэ мытынышр езыхьэкI ХьэфIыщIэ Мухьэмэд.

МафIэдзым теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэльащ профессор, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ, Iуэрыуатэдж **Гъут Iэдэм**, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Беппаев МутIэлип** сымэ, нэгъуэщI хэ-рэ.

ЗэIущIэм и кIэухым фэрелъ пхъэбгъум удз гъэгъахэр тралъхьащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ.*

КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ Iуэхукlэ Москва щыхуэзащ Урысей гвардием и унафэщIым и япэ къуэдзэ генерал-полковник Меликов Сергей

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ лэжьыгъэ Iуэхукlэ Москва щыхуэзащ Урысей гвардием и унафэщIым и япэ къуэдзэ генерал-полковник Меликов Сергей.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ республикэм шынагъуэншагъэр кьыщыдэзагъэпэщыным, жылагъуэ хабзэр щыхъумэным, кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэр, Iуэху пащIэгъуэхэр кьыщыкъуэкIам деж лэжьыгъэхэр зэщIигъуу кьызэгъэпэщыным.

Урысей Федерацэм Лъэпкъ гвардием и дзэхэмкIэ и федеральнэ кьулыкъущIапIэм и дзэ частхэу, подразделенэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэхэм, щыжаIащ зэIуцIэм, кьалэн нэхъыбэгъуэр къабгъэдохуэ щIынальэм законыр щыгъэбыдэнымрэ шынагъуэншагъэр кьыщыдзагъэпэщыным кIэ икIи а Iуэхуэр абыхэм нэгъэсауэ зэфIагъэкI. Республикэм иджыпсту хуэфащэ гулъытэ щыхуащI Урысей гвардием и лэжьакIуэхэмрэ абы и дзэ частхэм хэтхэмрэ я псэукIэр егъэфIэкIуэным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

● Абы дегъэпIейтей

Гугъуехьхэр зэпкърах

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - КъБР-м инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Бэлэтокъуэ Владимир кьыщэригъэпэща зэIущIэм кьрагъэблагъащ «Газпром межрегионгаз Налшык» зэгухьэныгъэм и унафэщIхэр, абы Iэрымыхьа ахъшэр зи терминалхэмкIэ кьыхаха системэм и операторым и лIыкIуэхэр.

ВЕДОМСТВЭХЭМ зэдай лэжьакIуэ гупым я зэIущIэм щызэгурыIуащ терминалхэмкIэ кьыхаха ахъшэ псори газыр кьэзыутIыпщ «Газпром межрегионгаз Налшык» ООО-м хуагъэхьыжыну икIи а псори абонентхэм я счетхэм иратхэжыну.

«Газпром межрегионгаз Налшык» зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэм зэрыжаIамкIэ, абонентхэм ящыщу ищIэжкIэ кьыщыгъэльэгъуэ операторым ахъшэ езытахэм икIи ар кьыхаихыжыну щIэлъэIуэхэм, ауэ ахъшэ зыIэрымыхьажьэхэм адэкIэ а Iуэхур кьрамыхуэжкIми хъунущ. Дэтхэнэми терминалым ирилъхьа ахъшэр газыр кьэзыутIыпщ Iуэхущ IапIэм Iэрыхьэжьынур абонентым и счетым кьыщагъэльэгъуэнущ.

Зэхэзэрыхьауэ щыта мы Iуэхур зэхахьжащ икIи цIыхухэм ята газ уасэр кьыщIыIахьжьын щыIэжьым, кьыщагъэльэгъуащ зэIущIэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр щыIыщылэм и 31-м екIуэкIынущ. ЩыщIидзэнур сыхьэти 10-рэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ IапIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1. 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм кьыщахьа Текlуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр гъэхьэзырынымрэ ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр къэщтэн, мы унафэм и гуэдзэным зэриты хуэдзу.

2. Къару имыIэжу кьэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 4-м кьыдигъэкIа Унафэ №965-РГ-м и пункт 1-м къызэгъэпэщакIуэ комитетыр кьэщтэным ехьэлIа и Iыхьэм.

3. Мы унафэм кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм щIышылэм и 21-м
№21-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2019 гъэм щIышылэм и 21-м кьыдигъэкIа Унафэ №21-РГ-мкIэ къыщитащ

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм кьыщахьа Текlуэныгъэр илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр гъэхьэзырынымрэ ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щегъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым хэтхэр

КIуэкIуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэщ)*

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщIыр *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(кьызэгъэпэщакIуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъунигъэмкIэ и министр

Ахъуэхъу Т. Б. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Ахубеков Ш. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министр

Балъкъыз А. Хь. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Бачков К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Безниковэ И. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэмкIэ и министр ЩыкIэпльыплъыныжьмкIэ и министр

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЖылагъуэпалатэмкIэ и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инфраструктурэмрэ бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ и министр

Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкIэ и кьулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэ и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Говоров С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Дадэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щынхабзэм и хъугъуэфIыгъуэкIэ къэралым ихъумэныжьмкIэ и управленэм и унафэщIыр

Журавлёв А. И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр

Залиханов К. Хь-У. - Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Инжыджокъуэ С. М. - Пскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Кьардэн М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр

Куэшей А. Д. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министр *(къызэгъэпэщакIуэ комитетым жэуап зыхь и секретарщ)*

Къумыкъу I. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыкIуэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр

Къуныжь В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэнымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр

КIуэрашын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан жылагъуэ Iуэхущ IапIэхэм ядэлжьэныгъэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министр

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Мамхэгъ Хь. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Муртазов Б. С. - Шэрдэж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Уэщхьун Т. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъкумрэ я IуэхухэмкIэ и министр

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр

Ромашкин И. К. - Къэрал лIужьыгъэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэ *(зэгурыIуауэ)*

Саенкэ Т. В. - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ *(зэгурыIуауэ)*

Ткачёв Е. А. - Урысей Федерацэм и Президентым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щIэ и поломочнэ лЫкIуэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщIылIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Тараев И. В. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

ТекIушэ А. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэр *(зэгурыIуауэ)*

Устэ Д. А. - Къэрал Iуэхущ IапIэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Хьэсанэ И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрыр

Хьубий М. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узышагъэр хъумэныжьмкIэ и министрыр

Шаваев И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министрыр

Шыхъуэбахъуэ М. Хь. - Зауэм, лжьыгъэм, Iэщэкlэ зэщIэузэда къарухэм, хабзэхэлъмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Щоджэн Щ. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Архив кьулыкъущIапIэм и унафэщIыр

Щоджэнцыкlу М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрыр

НОБЭ

♦Эскимо морожнэ лIэужьыгъуэм и дунейпсо махуэщ. США-м щыщ Онавэ кьалэм щыпсэу, тыкуэн цIыкIу зыгъэлажьэ Нельсон Христиан а IэфIыкIэ лIэужьыгъуэр къызэригупсысам щыхьэт тесхъуэ тхыльыр 1922 гъэм кьратыжауэ щытащ.

♦1606 гъэм Испаниеи и кьалащхьэр Вальядолид ирахри, Мадрид яхьауэ щытащ.

♦1931 гъэм «Ромэн» щIджан театрыр къызэрагъэпэщащ.

♦1966 гъэм Индиеи и «Боинг 707» кьхъыльатэр, Бомбей - Дели - Бейрут - Женевэ - Лондон гъэгуанэр зэпичу узэгум иту жьэхэуащ Монблан бгым. А насыпныншагъэм хэкIуэдат цIыхуи 117-рэ.

♦Урыс сурэтыщI цIэрыIуэ **Суриков Василий** къызэралъхурэ илъэси 171-рэ ирокъу.

♦Урыс бзэщIэныгъэлI, СССР-м ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и член-корреспондент, псалъэ мин 90-м щIигъуи я мыхьэнэр кьыщIэныгъэгъуа псалъалъэ щIэрыIуэр кьыдэзыгъэкIа **Ушаков Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 146-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, егъэджакIуэ, фильмхэм я сценарийхэр зытхыу щыта, СССР-м и цIыхуб артист **Ромм Михаил** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Совет тхакIуэ, драматург, Армавир кьалэм щIыхь зиIэ и цIыху, адыгэ пхъурылъху **Дангулов Саввэ** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Полковник, жылагъуэ лжьакIуэу щыта, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Джэтауэ Хьэмыщэ** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Тхьэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Бетрожь Руслан** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Уэрэджыкlуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист **Ободзинский Валерий** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, къэрал лжьакIуэ **ЩыхьмырзэМухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Музыкант, дирижёр, СССР-м и цIыхуб артист, Совет Союзым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфащэ **Башмет Юрий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 5, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Джыдэр кIуэдмэ, и кIыр дыщэщ.

● ДифІ догъэлъапІэ

Зи зэфІэкІхэр лъагэ щІэныгъэлІ, егъэджакІуэ

Ди щІыналъэм зегъэужьыным хьэлэлу хуэлажьэ лъэпкъ щІэныгъэлІ пажэхэм ящыщ Бгылъэ щыпІэхэмрэ бгы лъапэхэмрэ жыг хадзхэр щыгъэкІыныжмкІэ Кавказ Ищхъэрэ щІэныгъэ къэхутакІуэ институтым и щІэныгъэрылажьэ нэхъыжь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и профессор, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДААА-м и академик, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Щомахуэ Лев Аслъэнджэрий и къуэр. ЕхъулІэныгъэ иІэу иригэкІуэкІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ купщафІэм къыдэкІуэу, Лев илъэс 56-рэ хъуауэ пэрытщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхуми.

Профессор Щомахуэ Лев

ЩОМАХУЭ ЛЕВ Тэрч щІыналъэм къыщыалъхуащ. КлассипщІыр къиуха нэужь ар Осетие Ищхъэрэм дэт мэкъумэш институтым щІэныгъэ-жьыгъ гъэкІныныр ди щІыпІэм щефІэкІуэн папщІэ щІэныгъэлІэхэм ирагъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэм пасэу дихьэхащ Лев. Ар жьыджэру хэтт еджапІэм щекІуэкІ щІэныгъэ семинархэм, конференцхэм, нэгъуэщІ зэхуэсхэм. Ар ныбжьым ятыкъ кърихьэрт жьыг гъэкІныным пыщІа Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм ехьэлІауэ иІэ епльыкІэхэр. ЕхъулІэныгъэ иІэу еджапІэ нэхъыщхьэр 1962 гъэм къиухри, Іэщагъэ зэзэгъэгъуэта инженер щІалэр Тэрч щІыналъэм хыхь Ботэщей къуажэм щызэхэт «Вторая пятилетка» колхозым ІэщагъэлІ нэхъыщхьэу лэжьэн щыщІидзауэ щытащ. Илъэсищ абы щылэжьауэ Лев Краснодар дэт мэкъумэш институтым и аспирантурэм щІэтысхьат. Ар кІуэуа нэужь, езыр щеджа, Владикавказ дэт мэкъумэш институтым мэкъумэш машинэхэмкІэ и кафедрэм и ассистенту къигъэзэжри, абы щылэжьащ.

Щомахуэм фІыщІэшхэр яхуещІ лэжьэн щыщІидзагъащІэм дэІепыкъуэгъу къыхузхуэ и лэжьэгъуэхэм. ПщІэ лъагэрэ щІэныгъэ куурэ зыбгъэдэль а егъэджакІуэхэм я деж щІэныгъэм и мызакъуэу, гъащІэм хэпсэукІын папщІэ сэбэп къыхуэхуэ чэнджещ, ущие псалъэхэр щызэхихащ, хьэл дахэ куэди щызыхилъхьащ.

ИлъэскІэ абы щылэжьауэ щІэныгъэлІыр къыщалъхуа щыпІэм къагъэкІуэжри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Прикладной механикэмрэ электроникэмкІэ и кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыжьу ягъуваща, мазэ бжыгъэ фІэкІа дэмыкІауэ ар КъБКъУ-м электротехникэмкІэ иІэ кафедрэм и унафэщІ ящІауэ щытащ. Илъэс зыбжанэкІэ абы щыІа нэужь Щомахуэр автотранспорт комбинатым и унафэщІу ягъуэври, абы илъэсипщІкІэ щылэжьащ, иужькІэ Налшык кьалэ дэт, вольт лъагэм ирилажьэ Іэмэпсымэхэр къыщыщІагъэкІ заводым и унафэщІуи щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш щІэныгъэхэм щыхурагъаджэну еджапІэ нэхъыщхьэ къыщыщІэзэІуахьым, абы и япэ ректору щыта, профессор ФиІэпщэ Борис и лъэІыкІэ Лев гидромелиоративнэ факультетым и унафэщІу уваУэ щытащ. Езы щІэныгъэлІым зэрыжиІэмкІи, зы махуи хущІегъэжакъым и ныбжьэгъур имыгъэщІэхьуу а Іэнатіэм зэрыпэрыуваУэ щытам.

1988 гъэм къыщыщІэдзауэ 1992 гъэ хъуху Щомахуэр лэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр агромелиоративнэ институтым и проректору. ИужькІэ Бгылъэ щыпІэхэмрэ бгы лъапэхэмрэ жыг хадзхэр щыгъэкІыныжмкІэ Кавказ Ищхъэрэ щІэныгъэ къэхутакІуэ институтым и унафэщІу ягъэкІуащ. Лэжьыгъэм и пІалъэ фІыуэ зыщІэ унафэщІыр а Іэнатіэм щагъэува зэманыр зрихьэлІар урысей щІэныгъэм и дэхэхыгъуэрт. Ауэ зэман кІэщІым къриубыдэу Щомахуэм хуэзэфІэкІащ коллективыр зэтриІыгъэу институтым щекІуэкІ щІэныгъэ къэхутэныгъэхэм я фІагъри, я бжыгъри къиІэтыжын.

Щомахуэм иригаджэхэми, иригъэджахэми, нэхъ пасэу зыдэлажьэхэми, иджыпсту зыхэтхэми жаІэ ар унафэщІ щыпкъэм и мызакъуэу, атІэ сыт хуэдэ зэманми зи зэфІэкІымрэ зи щІэныгъэмрэ хэзыгъэхъуэ ІэщІагъэну, щІэныгъэлІу зэрыщытыр. Зи къэхутэныгъэ купщафІэхэр ди щыпІэми нэгъуэщІ щІыналъэхэми я мэкъумэш Іэнатіэхэм щэщІауэ къыщагъэсэбэп щІэныгъэлІыр еш имыщІэу йолажь жыг гъэкІным лъахэм зыщІужьыжьыным, щІалэгъуалэр абы дегъэхьэхыным. Зэрылажьэ зэманым къриубыдэу абы и Іэдакъэм къыщІэкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэу 230-рэ, абы щыщу 10-р монографиещ, 8-р патентщ.

Ноби егъэджэныгъэ, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм жыджэру хэтщ Лев. Профессорым щрегъаджэ КъБКъМУ-м, инженерхэр гъэхьэзырыным толажьэ. Кьыхэгъэщыпхьэщ абы и унафэм щІэту щІыху 28-м я кандидат лэжьыгъэр, 6-м я доктор диссертацэр зэрыпхагъэкІар. Ахэр хуэарэзыщ я унэтІакІуэм икІи йохъуэхъу нэхъыжьыфІыр иджыри куэдрэ лъэпкъ щІэныгъэм хуэлэжьэну.

ЩІэныгъэлІыр хэтщ Кубань мэкъумэш университетым доктор диссертацэр пхыгъэкІыныжмкІэ и щІэныгъэ советым, РАН-м и зэзыгъэуІу советым, Урысейм и Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм Іэнатіэм къыщагъэсэбэп машинэхэр зэпкърыплъхьэныжмкІэ, къыщІагъэкІныныжмкІэ и центрым и унафэщІщ.

Щомахуэ Лев и къару емыблэжу зэрылажьэр гулыитэншэу къыанэрыкъым. И зэфІэкІ лъагэхэм папщІэ абы къыфІащащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ щІэныгъэлІ, иужькІэ Налшык кьалэ дэт, вольт лъагэм ирилажьэ Іэмэпсымэхэр къыщыщІагъэкІ заводым и унафэщІуи щытащ.

Щомахуэм и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 80 ирикъуащ. ЩІэныгъэлІым и махуэшхуэр хуаІэтащ абы и щыбагъ кьыдэт и унагъуэ дахэм, пщІэшхуэ кьыхуэзыщІ и лэжьэгъухэм, иригъаджэ студентхэм. Зи псалъэм тебгъуэгъэр щІэныгъэлІ пажэм дохъуэхъу узыншэу, лэжьыгъэм ехъулІэныгъэхэр щІэну и унагъуэм иджыри куэдрэ яхуэпсэуну.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Сымаджэхэм я Іуэхухэр нэхъ тынш ящІ

● Узыншагъэ

Зи жьэжьей узу гемодиализым пыщІахэм я лъыр щагъэкъабэкІэ лъынтхуэр нэхъ тыншу кьагъэтын папщІэ ящІ операцэр Къэбэрдей-Балъкъэрми щрагъэкІуэкІыу щІадзащ. Лъынтхуэхэр - инри цыкІури - зэпащІэри, нэхъ ин мэхъу ахэр, аппаратыр пыщІэнуи куэдкІэ нэхъ тынщщ, лъы нэхъыбэ игъэкъабзэнуи Іэмал иІэщ.

АПХУЭДЭ операцэр медицинэ полисымкІэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министерствэм и Іуэхущіапіэ-пІитым - МедицинэмкІэ чэнджэщ-диагностикэ центрымрэ УнэтІыныгъэ зыбжанэ зиІэ, районхэм зздай сымаджэщымрэ - лъынтхуэ узыфэхэмкІэ я хирургхэм ирагъэкІуэкІ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым гемодиализым щыпыщІащ цыху 600-м щІигъу. Апхуэдэ медицинэ Іуэхутхьэбзэр сымаджэхэм щыхуащІэ гемодиализ центр 5-м: Кавказ Ищхъэрэ нефрологие центрым и къудами 3-м, «Б. Браун Авитум Руссланд» амбулаторэ диализымкІэ центрым, «Нефролайн» гемодиализ центрым. А медицинэ Іуэхущіапіэхэр псори фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ Іэнатіэ пыщІащ икІи сымаджэхэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэр пщІэнэщэщ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Бахъсэн къалэ

ЗаводыщІэ къызэІуах

Бахъсэн къалэ округым и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим лэжьыгъэ Іуэхукіэ Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыІащ. Владикавказ илъэси 10 хъуауэ щолажьэ кІэрыхубжьэхуэр щызэхадз завод. Фигу къэдгъэкІыжьыщи, мы гъэм Бахъсэн къыщыдзэІуахащ апхуэдэ завод, тонн мин 50-м зэуэ щелажьыфыну. Ар 2018 гъэм хуэзи ирагъэжьауэ щытащ. Іуэхущіапіэм текІуэдащ сом мелуан 34,5-рэ, абы щыщу сом мелуан 32-р - федеральнэ, сом мелуани 2,4-р республикэ мылькум къыхэкІащ. Заводыр хьэзырщ, мазаем и кІэухым лэжьэн щІидзэнущ.

БАХЪСЭН икІа лІыкІуэхэм къапежьащ заводым и унафэщІ Дотиков Азэмэт икІи Іуэхущіапіэр зэрылажьэ щыкІэр яригъэлъэгъуащ. ЩІыуэпсым зыкІи зэран хуэхъуркъым заводыр, дыкъэзыухъуреихь дунейр имыуцІэпІын щхьэкІэ Іэмал псори къалъытащ. Лэжьакіуэхэм я Іуэхур ящыщыгъэпсынщІэ псори къыхуэзрагъэпэщащ. Ахэр цІыхуи 140-рэ мэхъу. КІэрыхубжьэрыхум зэрелэжь Іэмэпсымэхэр ди къэралми хамэ къэралхэми къратащ.

Заводым щызэхадзым и процент 70-р коммунальнэ пхъэнкІий быдзу кьыхокІ (ТКО), адрей процент 30-р ягъэсхьк.

Апхуэдэ лэжьакІэм тетынущ Бахъсэн щауха заводри. Щэч хэмылъу, ар Іуэху бгъэдыхьэкІэщІащ икІи пхъэнкІий идзыпІэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ ищІынущи, дыкъэзыухъуреихь дунейри нэхъ хъума хъунущ.

БАЛЪКЪЫЗ Аминэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Лъабжьэ зимыІэ тхьэусыхафэ

КъБР-м и прокуратурэм и лІыкІуэр хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Суд Нэхъыщхьэм Уголовнэ Іуэхуэмкіэ и суд коллегием и зэІущІэм. Абы щыхэплъащ Налшык кьалэ судым 2018 гъэм щыщхьэУІум и 26-м и унафэкІэ ягъэтІыса Сагеевэ Я. Л. и тхьэусыхафэм. Ар ягъэкъуаншэрт УФ-м и УК-м 228-нэ статьям и япэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэр (афиянэкъур куэду зыІэрыгъэхьэныр икІи хъумэныр) зэхищІыхьауэ.

ИЩХЬКІЭ зи гугъу тщІа унафэмкІэ Сагеевэр къуанщэу кьалъытащ 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м интернет-сайткІэ афирину грамм 0,9-рэ кьызэрищэхуамкІэ икІи ар 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м хабзэхъумэхэм кьыкъуахьыхукІэ зэрихъумамкІэ. Апхуэдэ щыкІэкІэ зы илъэсрэ зы мазэрэ лъэхъуэщым щигъэкІуэну тезыру тралъхащ.

Апхуэдэ унафэмкІэ мыарэзыуэ Сагеевэр КъБР-м и Суд Нэхъыщхьэм Уголовнэ Іуэхуэмкіэ и суд коллегием хуэтхьэусыхащ, тралъхьа тезырыр нэхъ щабэ хуащІыну лъаІуэу.

Іуэхум щыхэплъэм прокуратурэм и лІыкІуэм лъабжьэншэу къилъытащ жэуапым ирашэлІам ищІ щхьэусыгъуэхэр икІи лъэІуащ Налшык кьалэ судым ищІа унафэр зэрыщыту кьигъэнэжьыну.

Суд Нэхъыщхьэр абы арэзы техъуащ.

ЦЕКЪУ ПІатІ.

Улахуэр яІэрохьэж

Прокуратурэм и фІыгъэкІэ КъБР-м и Май районым щапшыныжащ лэжьапщІэмкІэ щызэтрихьа щІыхуэу сом мин 500-м щигъу.

КЪУЗЭРЫЩІАГЪЭЩАМКІЭ, «Домоуправление» ООО-м лэжьакІуэ 13-м 2016 - 2018 гъэхэм ирамыта улахуэу сом мелуани 2-м щигъу щІыхуэ телът.

Абы къыхэкІыу район прокуратурэм Іуэхущіапіэм и унафэщІым ипІэкІэ хуигъэуват улахуэмкІэ телъ щІыхуэр икІэщІыпІэкІэ ипшынэжыну. ЦІыхуэхэм я лэжьыгъэкІэ яІэ хуитыныгъэхэм кьыщхьэщыжу прокуратурэм район судым щІилъхьат лъэІу тхьилъи 5, лэжьакІуэхэм ирамыта улахуэр яІэрыхьэжьыным теухуауэ. Судыр абы арэзы техъуащ.

КьищынэмыщІауэ, район прокуратурэм къэпщытэныгъэм кърикІуар кьыщыгъэлъэгъуа тхьылъэр следствэмкІэ органым Іэригъэхьащ, Іуэхущіапіэм и унафэщІыр жэуапым ешэлІэным теухуа унафэ кьищтэн папщІэ. Абыхэм хэплъэри, цІыхуэр зыгъэлажьэ унафэщІым теухуа уголовнэ Іуэху кьаІэтащ, УФ-м и Уголовнэ кодексым и 145.1-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ (мазитІым щІигъукІэ лэжьапщІэр нэсу зэримытам кьыхэкІыу). Уголовнэ Іуэхум хэплъэри, абы тезыр тралъхащ кьуэды ипшынэну.

ИджыкІэ улахуэмкІэ щІыхуэу сом мин 500-м щІигъу ипшынащ. Прокуратурэм и нэІэ тетщ щІыхуэу я Іуэхущіапіэм кьытенар зэрипшыным.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Адыгэхэр адыгэбзэ хуей?

КъэкІуэну щІэблэхэм яхуэдвгъэхъумэ

Ди къэралым и ищхьэрэ щыхьэрым, Санкт-Петербург къалэшхуэм, къикІ сэлам гуапэр фызох си лъэпкъэгъу псоми. Си тхыгъэр къызэрыщІэдзэнуращи, ди хэку дахэм адыгэбзэкІэ къыщыдэкІ газет закъуэм петербургдэс адыгэхэм я нэхъыбапІэр дыкъэджа, абы и къыдэкІыгъуэхэм Интернетхэ дакІэлъэлопІь. Апхуэдэу дэ щыгъуазэ зыхудощІ дыкъыщалъхуа щІыналъэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм, абы и цІыхухэм яІэ псэукІэм. Ди гум акъужь щІыІэ дихуа хуэдэуи, адэкІэ псэуным пыдощэ.

«АДЫГЭ ПСАЛЪЭМ» кьызэІуиха рубрикащІэм, «Адыгэхэр адыгэбзэ хуей?» жыхуиІэм, си псалъи хэслъхьэну сынотхэ ар къызэзэІуэпэщам и дежи, си тхыгъэ кІэщІым газет напэкІуэщІым уевгІэ гуэр щигъуэтмэ, си гуапэщ.

Сэ 1972 гъэм Ленинград (иджы Санкт-Петербург) сыкъэкІуауэ абы сыщопсэу. Нобэр кьыздэсым си адыгэбзэр сщыгъупщакъым, сыкъызыхэкІа лъэпкъ уардэм, дахэм, дуней псом щыщІэрыІуэм, сызыпызыщІа я фІыгъуэр ІэщІыб сщыныи зэи сигу къэкІыхьакъым. ЦІыхум ивгъэпсыкуу Тхьэшхуэр кьыздэгуэпсэ и бзэр зыщигъэгъупщэнкІэ Іэмал иІэкъым. Ар сыт хуэдэ лъэпкъи ирехьу. Псом нэхърэ нэхъ емыкІуу къэслъытэ хьэл мыхъумыщІэхэм ящыщу уи бзэкІэ упсэлъэну зумыпсэсыжыныр. Уи бзэр Іумпэм пщІымэ, псом япэрауэ, уи щхьэр, уи унагъуэр, уи лъэпкъыр, укъыщалъхуа уи щІыналъэр бгъэпуду аращ, сэ сызэрелпъымкІэ. Лъэпкъышхуэм я бзэри пщІэн хуейщ, ауэ уи бзэр япэ игъэщІыпхъэщ дапщэщи. Апхуэдэущ быныр дызэригъэсар ди адэ Къарэжь Хьэжумар.

Санкт-Петербург къалэм адыгэ куэр дыдэсщ. Апхуэдэхэщ сэ си нэІуасэхэу Санэхэ, Къэнэмгъуэтхэ, КІунтІыщхэ, Бесльэнейхэ, Къарэжьхэ, Щоджэнхэ, Мыкъуэхэ, нэгъуэщІ куэди. Дэри ди бынхэри адыгэбзэкІэ допсалъэ, ди Іуэху зыІутхэмкІэ дыззэрощІэ, зыр адрейм сэбэп дызэрыхуэхъуным яужь диту дыщопсэу ди хэку-анэм пэжыжьэ мы щІыпІэм. Бзэр псом я щхьэщи, ар зыщыдгъэгъупщэркъым. КьинэмыщІауэ, дэ дыхущІокъу ди адыгэ хабзэ дахэр зэрытІыгъыжьыным. Адыгэ щІыналъэ дыкъыззрикІар зэи тщыгъупщэркъым, зэман мащІэ зэрыдгъуэтуи, ди щІыналъэм, ди благъэ-Іыхьлыхэм я деж лъагэунлъагэу дынокІуэж.

ИпэжьпІэкІэ жьсІэнщи, Санкт-Петербург си щхьэ пщІэ хуэзыщІыж зы адыгэ унагъуи щыбгъуэтынкъым «Фыкъебгъагъэ!» адыгэ псалъэр гурэ псэкІэ кьыбжимыІэну, адыгэ шхыныгъуэ Іэнэм кьытримыльхьэну. Дэ, балигъхэм, дэнэ кьэна, ди бынхэм кьагуроІуэ нэхъыжьхэм пщІэ яІэн, анэ-адэр гъэлъэпІэн зэрыхуейр, адыгэбзэр ямыгъэкІуэду зэрагІурыпхьэр. Сыт хуэдэ щІыпІэ ущымыпсэуми, уи лъабжьэр, уи къуэпсыр здэщыІэ, щІэдзапІэ пхуэхъуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр фІыуэ лъагъэр, ди лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ Іыгъын зэрыхуейр ихьэкъыу япхыдгъэкІауэ догъасэ щІэблэр.

Дыщыпсэу мы къалэшхуэм хуэдэ къыщызыдогъэпэщ адыгэ зэхуэс зэмылІэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэм деж адыгэ Іэнэхэр кьыдощтэ, фадэ темыту. Гукъыдэж зиІэ щІалэгъуалэр джэгум щохуарэз, хэти уэрэд желэ, адрейхэри зоэрщэрылІэ. Апхуэдэ пшыхьхэм екІуалІэхэм гъуэз дощ! ди сабий щыкІуэхри. Абыхэм лъэпкъ гъэсэныгъэ етыныкмкІэ а зэхуэсхэр ІэмалыфІщ. Нэхъыщхьэращи, псори дыхущІокъу ди анэдэлъхубзэмкІэ дыпсэлъэну. Санкт-Петербург дэс ди щІалэгъуалэр адыгэ кьафэ кьафэу, ІитІкІэ Іэбэрэ сэлам яхьу щыслъагъукІэ, дэрэжэгъуэ ин согъуэт. Фи фІэщ зэрыхъун, пшыхьым и кІэуым дежи пскІэ нэхъ къуелі дызэрыхъуар зыхэтщІэрэ ди гур нэхъ ин хъуауэ щхьэж и унэ докІуэлІэж. Ар фІыгъэшхуэкъэ-тІэ! ІэмалынышагъэкІэ хамэ щІыпІэ кьыщыхута дэ ди дежкІэ ар зыхуэбгъадэ хъун щымыІэ лъапІэныгъэщ!

КьытщІэхъуэ щІэблэм анэдэлъхубзэр яІурылъ къэтэджыныи гулъытэ хэха худощІ. Унагъуэм дыщыпсалъэми, ар мащІэщ сабийм и дежкІэ. Абы кьыхэкІыу ахэр гуп-гуп зэрыдогъэхъури, егъэджакІуэ кьахудощтэ. Мыбы щыІэщ адыгэ щІалэ бэлыхь, Нартхэ Аслъан. Хабзэ зыхэлъ, пщІэ зиІэ щІыхущ ар. Аслъан сабийхэм кьахуигъэтащ адыгэбзэр езыгъэдж Іэщагъэлі. Гупым хэт хьыхьэнуми хуитщ, абы пщІэ лъэпкъи щІэптынукъым.

Хэкум исхэми хамэ щІыналъэ щыпсэу адыгэ псоми зыныфхуэгъазэ мы псалъэхэмкІэ. Фи сабийхэм фІы фщІауэ евгъэлъагъу, фІы хъун щхьэкІэ. Зыр зым фыдэІэпыкъуурэ къэфІэт ди щІыналъэр, зыхуэфщІэр фи бынщ, абыхэм я щІэблэщ. Дэ тшхын дгъэтрэ мыпхуэдэу дахэу дыпсэун щхьэкІэ адыгэ куэдым я псэр ятащ. Адыгэм ди мащІэкъым ди лъэпкъ тхыдэм зи цІэр кьыхэнахэр. Фэр щхьэкІи жаІэжьырын фІы гуэри къэвгъанэ. Ди бзэмрэ ди хабзэмрэ зыщыдвмыгъэгъэгъупщэ. Ар дэтхэнэ зы адыгэми хьэкъыу пхыкІауэ щрырет.

Акъылкіи, губзыгъагъкіи, кьулеягъкіи, цІыху хэтыкІэкІи, Іуэху зехьэкІэкІи нэгъуэщІ лъэпкъэм дращащхъэу адыгэ лъэпкъыр Тхьэм диГъэпсэу. Ди лъэпкъ фІыгъуэр, АДЫГЭБЗЭР, кьэкІуэну щІэблэхэм яхуэдвгъэхъумэ.

КЪАРЭЖЬ Эммэ.
Санкт-Петербург къалэ

● Налшык

Нэхъыжьхэм гулъытэ хуащІ

Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа ТекІуэныгъэ иныр илъэс 74-рэ щыкъур гъэлъэпІэным иджыпсту щыщІэдзауэ къэралым и щІыналъэ псоми зыхуагъэхьэзыр.

МЫ ІУЭХУМ теухуауэ ягъэхьэзыра къэралпсо дэфтэрым къызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, зауэм хэта, а зэманым лэжьыгъэ хьэлъэр зи фэ дахуа ди нэхъыжьхэм гулъытэшхуэ хуащІынущ. Программмэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, абыхэм я узыншагъэм кІэлъыплъынущ, хущхъуэгъуэхэмкІэ ядэІэпыкъунущ, псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ щытыкІэ гугъу итхэм я нэІэ трагъэтынущ. Зауэ лъэхъэнэ хьэлъэр зи фэ дэкІаужи яхуэгъэзауэ ящІэ дэтхэнэ зы Іуэхуми жыджэру хэтын зэрыхуейм Программэм къыхуреджэ властым и органэхэр, жылагъуэ зэгучэнигъэхэр, цІыху къызэрыгугъкІэхэр, еджакІуэхэр. Гулъытэ хуащІынущ зи щхьэгъусэ зауэм хэкІуэдахэм, а зэманым зеиншэу кьэнахэм.

Иджыпсту щыщІэдзауэ мы Іуэхум зыхуагъэхьэзыр зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Налшык кьалэ советым хэтхэм. Абыхэм кьалащхьэм дэт фэеплъхэм, парк ИкъэпІэм деж щыт МафІэ мыужьыхым, фэеплъ пхъэбгъуэхэм я щытыкІэр зыхуэдэр кьапщытэ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэ театрым щыджэгуэхэмрэ абы и унафэщІхэмрэ.
Бжьэдыгъуэкъалэ (Краснодар), 1907 гъэ

● Тэрч щІыналъэ

ИлъэсыщІэм фІыкІэ щогугъ

Джылахъстэнейм я щылагъуэхэм апхуэдэу купщафІэу къыщагъэсэбэпащ псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ къэралым, республикэм къыщащта программэхэм ящыщ зыбжанэ. Кьапщтэмэ, 2017 - 2019 гъэхэм кьриубыдэу кьат куэду зэтет унэхэр щызэрагъэпэщыжащ Тэрч кьалэрэ Дейскэ кІуажэмэр, Терскэ, Плановскэ жылагъуэхэм я курыт школхэм я спортзалхэр зыхуей хуагъэзащ. Тэрч кьалэмрэ Плановскэмрэ илъэси 3 ныбжьым нэмыса сабийхэм папщІэ яслъэхэр щаухуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Щэнхабзэ

Иджырей зэманым декІу усакІуэ, тхакІуэ зэчиифІэ Дзыбэ Саният

**Сыт хуэдэ зэманми езым и лыхъжьхэр къегъэщІ, ирехъу ар политик, дохутыр, дипломат... Апхуэдэу ди нобэрей дунейм халъхуа цІыху зэчиифІэу зи гугъу фхуэсщІыну сызыхуейр журналист, тхакІуэ, усакІуэ Дзыбэ Саниятщ. Саният нэхъыфІу къыщацІыхур езыр щалъхуа Адыгэ Республикэращ. Ар Щэуджэн районым хыхьэ Хьэтэгъужьыкъуей жылэм къыщалъхуащ. Мейкъуаепэ дэт гимназиер кьиуха нэужь. Адыгэ къэрал университетым филологическІэ и факультетым и урыс-адыгэ къудамэм щІэныгъэ щызригъэгъуэтащ. Пщащэр зыщІэсар гуманитар классти, арагъэнщ бзэм щІыуеджар. Университет нэужьым, егъэджакІуэу лэжьэну и мурада щхьэкІэ, гъащІэм къыпипкъплъэр журналист Іэщ Іагъэрат. Адыгэбзэри урысыбзэри зэхуэдэу зыгъэшэрыуэ хъыджэбзым иритэну къихихар къыщалъхуа анэдэлхубзэрщ. Республикэм къыщыдэкІа «Адыгэ макъ» газетым и редакцэм щылэжьащ. Иужьк1э нэгъуэщІ Іэщ Іагъэзэм зритами, журналистикэр, усыгъэр, проозэр зыпищІ щыІэкъым.

САНИЯТ и Іэдакъэщ Іэкіхэм гу щыІъыстар АКЪУ-р къыщэрызэІуахрэ илъэс 75-рэ щыхъум ирихьэлІэу абы щеджа цІыху зэчиифІхэр. Арагъэнщ Дзыбэ Саниятхэр ситу къыдагъэкІа «Вдохновение» («ПСЭ тынхэр») тхъыпрат. Ар щІэзджыкІа нэужь, нэхъ сигу кьина усэхэм ящыщт Саниятейхэр. Абы и усэ зыбжанэм щІэлъ гупсысэхэмрэ ар къызэрыІуэта псалъэхэр зэрызэгъэкІуамрэ гу лъмытэнкІэ Ізмал и Іэтэкъым. Зэ уеджа нэужь, гукІэ зэбгъэщІэну узыкуэпабгъэ сатырщ аэзр. Итіанэ Интернетымкіэ Дзыбэм и творчествэм нэхъ пэгъунэгъу сыхъуащ, и усэ куэд седжащ.

Журналистым дунейм къыщыхъу Іуэхуэр зэи гулъытэншэу блигъэкІ хъунукъым, лъэпкъыбзэм ирилажьэ журналистмэ, абы и кьалэнхэр тІуащІэ мэхъу лъэпкъ щэнхабзэмрэ бзэмрэ утыку кьурихьэныжьІэ. Абы папщІэ зытепсэлъыхьыпхьэхэм ящыщщ а зи гугъу сщІы Іуэхугъуэхэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщІхэр. Арагъэнщ Дзыбэ Саниятсыхуэзэную, и Іэдакъэщ Іэкіхэм сытетхыхьэныуи мурад щІэсщІар, и усэхэм сызэрыдахьэхар хьымыбжэмэ. Мейкъуаепэ щекІуэкІа Адыгэ щэнхабзэм и фестивалым дыззэрыхэтар, ар дахэу, Іэтауэ къызэрызэрагъэпащар «Адыгэ псалъэм» къытеддзэжащ, а махуэкэр гукъинэж сщызыщІахэм ящыщщ Саният зэрызэгъэщІыхуар.

Илъэс 19 зэрыхъу лъандэрэ матхэ пщащэр. Абы кьежьапІэ Іуэхуэар тхыпІым, ерджэным дихьэхыу къызэрыхъуар арагъэнщ, и адэм иІа библиотекэрщ и сабиигъуэм нэхъ къулеигъэу хэтауэ къилъытэри.

- Тхэн щыщІэздза зэманым зы бэлыхь гуэр си Іэдакъэ къыщІэкІыу щытауэ схужьІэнукъым, си щхьэ къиззэрыхьэр тхылъымпІэм тестхэу арат, - жеІэ Саният. - Илъэс 22-м ситу Щэуджэн районым къыщыдэкІ «Заря» газетым и редактор нэхъыщхьэ Тхъэшащуэ Хьэсим нэІуасэ схуэхъури, мис абы сытригъэгушхуауэ жыпІэ хъунущ тхэным, «Адыгэ макъым» сызыунэтІари аращ. Си тхыгъэхэм къыфІэІуэхуу къеджэжьырт ар, гу зылъытапхъэхэр сигъэлъагъурт, и деж сригъэблагъэри, кІыхьу къызэпсалъэрт. «Хьыджэбз щыкІым иуцІырхьэм эман тезгъэкІуэдзнкъым», - жимыІэу хуабжьу къызэдзлэжьащ икІи быдэу къызжиІащ: «утхэн хуейщ».

Апхуэдэ щыкІэкІэ кьалэмыр гъащІэ гъуэз зыхуэхъуа Саният нэхъыжьым зыхуиунэтІа гъэгум иріуащ, журналистикэм и дунейм хыхьащ. Ауэ пщащэм и зэфиир куэдкІэ нэхъ куут, нэхъ убгъуат газет лэжьыгъэм нэхърэ. Саният и яп рассказыр зригъэлъэгъуар Адыгэ Республикэм и цІыхубэ тхакІуэ Кушэбей Пщымахуэщ, усыгъэмкІэ и унэтІакІуэу щытар усакІуэ, тхакІуэ, драматург цІэрыІуэ Къуиикъуэ Налбийщ жыпІэмэ ущыуэнукъым. Абы и Іэдакъэщ Іэкіхэр къытехуэу хуежьащ «Зэкъошныгъ» литературэ журналым, «Адыгэ макъ» газетым.

«Си яп рассказыр Пщымахуэ щыхуэхьам сощІэж гугъэзагъэу кьеджжажьэ зэрыщытар, куэд зэриухуэхьІыжат, мыбы укъеджэжмэ, итІанэ дыззэпсэльэнщ, жиІэри сыкъыщІигъэкІыжат. Сыщеджжым псынщІэ дыдэу гу лъыстэжат лейуэ хэтами, кьызэмыхъуліами. И цІэр къисІуэну сыхуейт Къуиикъуэ Налбий. Сэр-сэру и деж сыкІуэри, зы сыхьэт псокІэ къызэпсэльат ар. Стхахэм кьеджа нэужь, «утхэн хуейщ, адрейхэри къысхуэхь» къызжиІащ. Къапщтэмэ, сынасыпыфІэт сэ. Сыт хуэдэ цІыху сримыхьэліами, зыми «птхыр хъунукъым» къызжиІакъым, нэмыплъ къызитакъым, си хъуэпсапІэр сІэпиудакъым, атІэ сытрагъэгушхуащ икІи хуабжьу сэбэн къыхсхуэхьуахэщ», - и гугъэкІыж Саниятэ.

Дзыбэм и творчествэм гъащІэгъуэну хэсльагъуэр адыгэбзэкІи урысыбзэкІи зэхуэдабзэу зэрыт-хэрщ, поэзиеми прозэми зэхуэдэ дыдэу зэрыхэзагъэрщ. А псори зэлытар и щхьэм кьихьэ гупсысэрщ, таурыхьырщ, кьэІуэтэкІэрщ.

Саният езым иІэ бгъэдыхьэкІэм хуэдабзэщ и щІэджыкІакІуэхэр Іуэхум зэрелтыри. Абы и Іэдакъэщ Іэкіхэр зэхуэдэу цІыухэм ягу ирохь, адыгэбзэми урысыбзэми езым и ерджакІуэхэр яІэжщ, ауэ усыгъэкІэ къэпцІыхуамэ, и тхыгъэхэм зыщыбгъэгъуэзэну ухуей мэхъу, и прозэр пцІыхурэ - поэзием ухуешэ. А тІуми гупсысэ куу ящІэлъу зэрыщытыр арагъэнщ ар дэтхэнэми и гурыщІэм кьипсэлъыкІыу кьащІыщыхър. Интернетым и хъым щызэІэпах Саният и Іэдакъэщ Іэкіхэр. Абы и напэкІуэцІхэм кьурілъхьэ усэхэм я дахагъымрэ и бзэм и шэрыуагъымрэ цІыухэхэм зэращыхьар кьагъэльагъуэ кьыхукІэщІатхэ епльыкІэхэмрэ гупсысэхэмрэ. Усэбзэ дахэм дихьэхэхэм я зэпкърыхыкІэм, зыщІэупщІэхэм, я чэнджэщхэм сфІэфІщ сытым дежи седжэну, ар езы усакІуэ пщащэми гуапэ щымыхъуу кьаныжькъым, уеблэмэ сэбэп щыхуэхъуи щыІэщ.

- Си щхьэ сыхуэтхэжу аращ жыІэзыІэр захуэкъым. ПцІыщ ар. Адрейхэр еджэн щхьэкІэщ сэ сыщІэтхэр, абы хэслъхьа купщІэр кьагурыІуамэ, щІэджыкІакІуэм деж нэхъэсыфамэ, ар гухэхъуэщ си деж-кІэ. «Уэ птхыр уэ езым уи гъащІэм кьыхэпха, уэ бгъэунэхуа гурыщІэ?», - жаІуэ кьыщыІэупщІщыІэщ. Хьэуэ. Сэ си гъащІэм кьыщыхьу псор е си гум щыщІэ псор утыку кьисхьэн хуейуэ кьэслытэркъым, апхуэдэ зыщІэ щыІэми, сфІэмыкІыщ. Сэ си хъуреягъым щІыху куэд щопсэу, щІыху гъащІэ куэд щызэблокІ, хьыбархэр зэхьзох, кьызахьлІэ. Мис а псом щыщ гуэр лъабжьэ щысщІ щыІэщ, ауэ и кІэм нэс текуэрэкъым ар зы щІыху гуэрым и гъащІэм. А псори езыр-езыру щхьэм кьихьэу аращ, щыхуейм деж кьалэм кьуигъэлъыхъуэу, - кьыпещэ ди псэлъэгъу пащщэм.

Кьалэмым игу зэрыхуэкъабзэр Дзыбэ Саният и Іэдакъэ къыщІэкІа тхылъхэм идолъагъэрэ. 2013 гъэм дунейм къытехьащ повесткэмрэ рассказхэмрэ зэрыт «Псэм ГъатхэР изщ» тхылъыр, ар и адэ-анэхэу Дзыбэ Асльэнрэ Нуриятрэ тыгъэ яхуищІащ. 2018 гъэм абы и щІэджыкІакІуэхэр игъэгуфІащ «Нежность» зыфІища, усэхэмрэ рассказхэмрэ урысыбзэкІи адыгэбзэкІи зэрыт тхылъ щыкІымкІэ. Иджы рассказхэр щызэхуэхьэса тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкІыну егъэхьэзыр.

Саният и усэхэр кІэщІщ, тыншщ, гурыІуэгъуафІэщ. И рассказхэмрэ повесткэмрэ купщІафІэщ, удэзыхьэщ, дерс къызыхэпхыщ. Абы журналист Іэщ Іагъэм и «плъыфэ» гуэрхэр хэплъагъуэу кьысщохьу - гупсысэр кьыззэщІэкъуэуэ, купщІэм тегъэщІауэ къэбгъэлъэгъуэн зэрыхуейр. Псалъэ лей куэд хэмыту кьыжьІапхъэщ Саният иджырей зэманым декІу усакІуэ, тхакІуэ зэчиифІэу зэрыщытыр. Рассказхэмрэ повесткэмрэ хэплъагъуэ образ къэгъэщІыкІэр, цІыху зэхущытыкІэр, къэхъуакъащІэхэр къызэриІуэтэж щыкІэр, зы хьэпшып цІыкІум и теплъэр уи нэгу къыщІигъэхьэн папщІэ къызэритхыхьыр теЛъыджэщ, щІэщыгъэщ икІи иджырей мардэхэм йозагъэ. Филологие щІэныгъэ зыбгъэдэлъ, бзэм и беягъыр къэзыгъэсэбэпыф, анэдэлъхубзэм и Іэфіпіэр къыщІэзыгъалъэ тхакІуэм къигупсыса сюжетым и закъуэкъым удэзыхьэхыр, атІэ и дэтхэнэ псалъэухамэ и ухуэкІэм, псалъэ «гъэджэгукІэм» псэр егъэтынщ, адыгэбзэр егъэльагъэ.

Апхуэдэ дыдэуи езы пщащэм убгъэдэсыну гъэщІэгъуэнщ, абы дабгъэкІуа сыхьэт бжыгъэхэр дакъикъэ зыбжанэм хуэдэу блолъэт. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, бгъэдэлъ щІэныгъэм, дэзыхьэх Іэщ Іагъэм, гъащІэм хуиІэ епльыкІэм, цІыухэм зэрахэт щыкІэм теухуауэ кьиІуатэхэм утезашэркъым. И ныбжькІэ жьжьэ нэмысами, гъащІэм кууэ пхыплъэр Іуэхум хуэнабдзэгубзаплъэу апхуэдэщ. Езыр щабэу псалъэмэ, жиІэм купщІэ хэпщ, псы хуэм ес кьазу уІупльэми, кьару нэрымылъагъу бгъэдэлъщ, и Іэдакъэщ Іэкі куэд деджами, дызыщымыгъуазэ хъугъуэфІыгъуэхэр гъэпщкІуауэ иджыри иІэщ. Шэч хэлъкъым абы и вагъуэр лъагэу зэрыблэнуми, и творческэ гъэугур бгъуфІэ зэрыхъунуми, и цІэр адыгэ тхыдэм кьызэрыхэнэнуми.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Мейкъуаепэ.

Дзыбэ Саният

* * *

Ущымыіэжьмэ - къэчэщт сиуашъо,
Кіосэщт симафэ, тэкъощт ситыгъэ.
Гум фэмыщэчэу, къэхъущт шІуцІашъо,
Къэнэщт зэлъагъэу,инэф кІодыгъэу.
Ущымыіэжьмэ - сиогу ит бзыухэм,
Ащыгъупшагъэу зэрялІэр тамэ
Чым къытефэщтых, мыбыбыжьышъхьэу,
АшІошІ мыхъужьэу упсэ пымыытыр.
Ущымыіэжьмэ - сызэрэпсэоу,
ЧІэу сызытетыр сфэхъущт хьадырыхэ.
Орышъ сигъашІэ джыдэдэм фитыр,
Псэу - сигу ичъэ зэпымыутэу...

* * *

Синан...сигупс...сыгу иухъумакІу.
Ситыгъи - оры. Сидунаи - оры.
Сэ мылъкоу сиІэу сшІэрэр - о зызакъу.
О зым ущымыкІуас сыгу, сыгур - оры.
Синан...сиІэшІу...сэ симэлэІич.
О тамэу къысэптыгъэр ары сызыІыгъхэр.
О усеІэфэ сэгупсэфы сэ, сытынч.
Сыкъэбгъэнагъэу къэмыгъэс симафэ шІункІэр.
Синан...сидышъ...о сыдым упэсшІына?
Сигукъытеуи, сижьыкащи къысэптыгъэх.
Ущымыкіуасэу сидунай къэбгъэнэфынэу,
СелъэІу Тхьэм, укъысфэблэнэу ренэу тыгъэу!

* * *

Непэ силъэпкъ мэшъыигъо.
Мэшъыигъо лІэшІэгъум къэхъугъэу.
А заом имашІо къелыгъэм,
Ипчъагъэ гур егъэлыгъо.
Хьадэгъур зыми шъхьасыгъэп.
Ижь чъыІэ зынэсырэр фэхыізэ,
Адыгэр ихэку рагъэсыгъэп.
Адыгэр ичІыгу рафынгъ, гъыізэ.
Псэ минмэ джы хьір якъэхалъэу,
Псы чъыІэр аетыгъ чэфын хьылъэу.
Ябгыбзэ ор шІуцІэм щэуалъэ,
Зилажьэм фатІупщы жьым хэлъэу.
Шъукъэущ, сикъэушъхьэ сыдджэр!
Къэжъугъэущу, сипсыхохэр, шъуичъ!
Зышъууфф, симэзэхэр, сышъоджэ!
Шъудэшъыгъуасилъэпкъ насыпынчъэ...

* * *

Тауж къэхъугъэзэм зышъуфэсэгъазэ - ШЪо шъугу телъыфэкІэ, тишІэжь псэущт.
Гъэтхэ пшІыкІуй ныІэп сэ сызфэзагъэр.
А ныбжьым ренэу джы сэ ситыщт.
Сифагъэп игъо гъащІэм итхъагъо
Щыщ къысІуфэнэу - заом систыгъ.
ШІулъэгъуныгъэми сыгу ылъэхъагъэп,
Ны сымыхъугъэуи, чІым сехьжьыгъ.
Мэзэгъо чэщэу, хьопсэгъо шъэфхэр
Сэри, шъощ фэдэу, зыдэсІыгъыгъ.
Ау къыздэхъугъэп сигугъэ нэфхэр,
Заом жъалымэу спсэ сшІухичыгъ...

* * *

СишІулъэгъу къэпфэсІотэнэу
Сыферэжьи - гъэр икъущтэп.
Гум кІэлъ машІор бгъэкІосэнэу
Уферэжьи - псыр икъущтэп.
Ушъом жъуагъоу тетыр зэкІэ
КъэуГъойхи - янэф шІункІы.
Сэ шІулъэгъоу къыпфэсшІыгъэм
Ельытыгъэмэ - тхьамакІэх...
Чэщыр чыжьэу зэкІотагъэу,
УгъолъжьыІ - учъыещтэп.
ТхъэгъэІэшІоу къысхэбдзагъэр
Гур имытхъэ - пщыгъупшэщтэп.
Къистхъыгъахэу, сыгу къэсІэтмэ,
Мафэр чыжьэу, чэщыр кІофэ,
Инэфынэ нэр ристыкІэу,
ПшІошІ гъэхъу, къэнэфынкІэ...

* * *

Зэгорэм шІу плъэгъугъа?
ЖъуагъохэР къыотэкъэохыхэу,
ОшъогурКъэубыбыхьэу,
БгъэгупсэУ жьыр дэмыфэжьэу,
Гупшысэ тхъагъом уэзэихъыхьэу.
Зэгорэм шІу плъэгъугъа?
УкІытэр пщигъэгъупщагъэу,
Гум дэлъыр пфэмыгъэбылъэу,
А къэбгъэщІэщтым инакъо
Узылъэхъагъэм фэпытэнэу.
Зэгорэм шІу плъэгъугъа?
Хьадэгъур къыпшъхьащыхьагъэу,
Угукъытео къызэпызыгъэу,
Упсэ зыІыгъым зэ уІупльагъэмэ,
УишІулъэгъу аджалым укъытрихьынэу.

Кхъуэлуфэ Аслъэн и фэеплъ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэ хабзэхъумэ Іуэхуэщапіитым я полицейхэмрэ жылагъуэ лэжьакІуэхэмрэ къызэрагъэпэщащ зи кьалэн зыгъэзащІэу зэкІуэда я лэжьэгъум и фэеплъ пхъэбгъу фІрагъэдзэныр.

ПОЛИЦЭМ и лыхъжьхэм я фэеплъыр хъуэмэным кьыхуезыджэ Іуэхум зэкъуигъэуващ я лэжьэгъуэхэмрэ Бахъэсэн, Іуащхьэмахуэ районхэм щыпсэухэрэмрэ.

2019 гъэм щІыщылэм и 15-м Бахъэсэн районым хыхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм дэт курыт еджапІэ №7-м къыщыдэІуахащ милицэм и лейтенант нэхъыжь Къъуэ-Іуфэ Аслъэн Мухьэмэд и къуэм и фэеплъ пхъэбгъу. Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ районым щиІэ къудамэм уголовнэ къэлыхьуэныгъэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІу лажьэ хабзэхъумэр и кьалэн игъэзащІэу 2010 гъэм фокІадэм и 29-м зэкІуэдащ, Іэщ Іэкіэ зэщІэузэда бзаджащІэхэр къытеуэри.

И лэжьэгъуэхэмрэ республикэм и районитІым щыпсэухэмрэ ирахьэжьа Іуэхум хэтащ Урысей МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и полицейхэр, абы дэлажьэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Доткъул Сэфарбий, Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ районым щиІэ къудамэм и лэжьакІуэхэр, республикэ МВД-м и Жылагъуэ советым хэт Шыбзыхъуэ Суфадин сымэ.

Нэхъыжьхэм я Іуэхур даІыгъащ щыхь хэзгъэгъулыр езыхьэкІа школакІуэхэм. Лыхъжьмэ и фэеплъым пщІэ хуащІу, къызэхуэсахэр дакъикъэкІэ щымащ.

Щыбзыхъуэ Суфадин псалъэ гуапэ яхуэжиІащ щыхьхь хэзгъэгъулыр езыхьэкІа школакІуэхэм. Лыхъжьмэм и фэеплъым пщІэ хуащІу, къызэхуэсахэр дакъикъэкІэ щымащ.

Щыбзыхъуэ Суфадин псалъэ гуапэ яхуэжиІащ щыхьхь я мамыр гъащІэр зыхъумэу щІэпхъаджащІэхэм я Іэщ Іэкіуэда хабзэхъумэхэм. Кьыхихгъэщащ Кхъуэ Іуфэ Аслъэн и цІэр Урысейм и къуэ нэхъыфІхэм ящыщу тхыдэм къызэрыхэнэнур.

БАХЪСЭН Азэмэт.

● Юбилей

Уи хъуэпсапІэхэр ирехъу нахуапІэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ, ди республикэм щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхухэм жыджэру хэт, къыщІэхъуэ щІэблэм щІэныгъэ етынымрэ хэкупсэу гъэсэнымрэ зи гуащІэ куэд хуэзыгъэпсегъэджакІуэ Іэзэ, щыху псэ къабзэ икІи ныбжьэгъу пэж Щоджэн (Къэрэнашэ) Іэминат и ныбжьыр дыгуаесэ илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ.

ІЭМИНАТ Зеикъуэ къуажэм щыпсэу Къэрэнашэх Топашрэ Марусэрэ я унагъэшхэм 1969 гъэм къыщалъхуащ. Жылэм дэт курыт шкІолъ екъулІэныгъэкІэ къиухри, адэкІэ еджэным щыпищащ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие къудамэм. «Урысыбзэмрэ литературэмкІэ, адыгэбзэмрэ литературэмкІэ я егъэджакІуэ» Іэщ Іагъэр абы щызригъэгъуэтри, а предметхэр ирегъэжу илъэс зыбжанэкІэ щылэжьащ Налшык къалэ дэт 13-нэ, 14-нэ гимназиехэм. Іэзагъышхуэ зыбгъэдэлъу гу зылъата лэжьакІуэ гумызагъэр 2011 гъэм КъБКъУ-м ирагъэблагъащ икІи абы и филологие къудамэм и Методикэ центрым и унафэщІу ягъуэващ. А Іэнатіэр къызыхуэтыншэу ирихьэкІащ щыху гумызагъэм, жэуаплныгъэр зыхищІэу, пщэрылъ къыхуащІ дэтхэнэ Іуэхури щытхъу пылъу зэфІихьу. «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент, «Дыгъафіэ кьалэм» и егъэджакІуэ лэжьыгъэхэм ящІыгъуу, Щоджэн ноби щыІэщ университетым. Ар КъБКъУ-м Егъэджэныгъэ политикэмкІэ и управленэм зэрыраГъаджэ программэхэм я фІагъыр къэзыпщытэ и къудамэм и лэжьакІуэщ.

Апхуэдэ кьалэн гугъуэхэр зэрызэфІихьым къыдэкІуэу, Іэминат фІэхьэлэмэтщ ди щІыналъэм щекІуэкІ жылагъуэ Іуэхуэхэр. Адыгэбзэм иІэ щытыкІэм дапщэщи игъэпІейтей егъэджакІуэр КъБР-м Щыхуэхэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэкіэ и министерствэм лъэпкъыбзэхэмкІэ и къудамэм и къэпщытакІуэ советым хагъэхьащ. Адыгэ Іуэхум дихьэх, хэкупсэ зыІут бзыпхъугъэ цІыкІур апхуэдэу дэуи Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм я тхьэмадэхэм я къуэдзэщ.

Унагъуэ дахэкІи Тхьэр къыхуэупсащ Іэминат. Абыр я щхьэгъуэсэ Муратрэ зэгурыІуэу, пщІэрэ нэмысрэ яку дэлъу зэдопсэу. Зэщхьэгъусэхэм бынитІ зэдагъэувтащ, лъэпкъ гъэсэныгъэ дахэ халъхьащ. Ахэр зыщІэхъуэпсэ Іэщ Іагъэ ирагъэгъуэтынымкІи ялъэкІ кьагъэнакъым нэхъыжьхэм. Астемыр экономист Іэщ Іагъэм щыхуеджащ Плехановым и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым финансхэр кредитымкІэ и къудамэм, и Іэщ Іагъэмкіэ мэлажьэ. Мадинэ Кутафиным и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и юридическэ факультетым и 3-нэ курсым и студентщ.

Зэфіэкі лъагэ зыбгъэдэлъ, нэмысрэ хабзэрэ зыхэлъ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщащІэу хьэлэмэт, жылагъуэ Іуэхуэхэри жыджэру дэзыгъэкІыф бзыпхъугъэ гуащІафІэ Щоджэн Іэминат дохъуэхъу и пщІэр лъагэу, и дунейр дахэрэ узынщагъэ иІэу, и анэр, къыдалъхуахэр хуэпсэууэ, унагъуэ насыпым щымыщІэу, я бынхэм я гуфІэгъуэ куэд Муратрэ абырэ зэдалъагъуу, зэкІэрымыхуу дунейм куэдрэ тетыну, зыщІэхъуэпс, фІыгъуэ къыІытэ псомкІи Тхьэр къыхуэупсэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Туризм

ХэкІыпІэфІу къалъытэ

Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэм я процент 50-м щигъуэм къалъытэ щыналъэм туризмэм зэрызыщиужьыр я псэукІэр ефІэкІуэныжьмкІэ Іэмалыфіу. Ар кьыхэщащ Урысейм и ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ Іэнатіэм иджыблагъэ иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм.

«2025 гъэ пщІондэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм зэрызиужьыну щыкІэр» къэрал программэм и зы Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа унэтІыныгъэхэр гъэзэщІа зэрыхъур зэрагъэщІэн папщІэ, зэупщІа щІыхухъуэхэмрэ бзыпхъугъэхэмрэ я бжыгъэр 2870-рэ хъурт, я ныбжькІэ къатщтэж, псори илъэс 18-м щхьэдохат.

Зэпсэлъахэм я процент 55,2-м къызэралъытэмкІэ, ахэр щыпсэу хэгъэгухэм туризмэм зэрызыщиужьым езыхэм я щыІэкІэ-псэукІэри дефІэкІуэнущ, а лъэныкъуэмкІэ хэкІыпІэфІхэр къызэрыкъуэкІым къыхэкІыу. Абыкіэ мыарзэшуэ къэуващ зэупщІахэм я процент 34,9-р.

АтІэми, ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэр зэпсэлъахэм я процент 70-м нэблагъэр я телъхьащ Кавказ Ищхъэрэм туризмэм зыщегъэужьын зэрыхуейм. А Іуэху еплъыкІэр къыдащтакъым зи гугъу тщІа щІыхухэм я процент 23,3-м. «Абы щыгъуэми зэупщІахэм я процент 13,8-м нэблагъэрщ туризмэм пыщІа Іуэхущ Іапіэхэм щылажьэр», - итщ къэпщытэныгъэхэр езыгъэкІуэкІа Іэщ Іагъэлъхьэм ягъэхьэзыра тхыгъэм.

Мыдрейуэ. Зэгъэпщэныгъэхэм ящІэзэрагъэльэгъуамкІэ, зэрыщыту къатщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэухэр туризмэм зэрыхущытым, илъэс зытІум и кІуэцІкІэ, фІы и Іуэныкъуэкіэ зихъуэжащ. Псалъэм папщІэ, 2017 гъэм зэупщІахэм я процент 49,5-рат езыхэр щыпсэу хэгъэгуэхэм туризмэм зыщегъэужьын хуейуэ къэзыІыпІэтэу щытар.

«Абы къыдакІуэуи, ныкъусаныгъэхэри къыхэгъэщІапхъэщ. Апхуэдэу, зэпсэлъахэм къызэрагъэльэгъуамкІэ, зэрыщыту къатщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэм и зыгъэпсэхупІэхэм екІуалІэ инфраструктурэр зыхуей-зыхуэныкъуэ псомкІи ирикъуу къызэгъэпэщакъым, къэралыр тригъэувэм телажьэ Іэнатіэхэм зэрадэІэпыкъум арэзы укъищІыркъым, Урысейм щыпсэухэм я нэхъыбапІэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и курортхэм къыщекІуэкІ уасэкэр яфІэкуадыІуэщ», - итщ ИТАР-ТАСС Іуэхущ Іапіэм игъэхьэзыра тхыгъэм.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Къыпэплъэхэм яІэрыхьакъым

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и ИК-1-м и оперативнэ къудамэм и лэжьакІуэхэм къызэпадащ ягъэтІысахэм яхъумэну, къагъэсэбэпыну хуит ямыщІ хьэпшыпхэр яІэрыхьэныр.

ТЕЗЫРЫР щапшн колание №1-м и лэжьакІуэхэм Іуэхущ Іапіэм и щыпІэ зэхуэщІам къыщагъэщтащ полимер зэкІуэцІышыхьа. «Посылкэ щэхум» илът капсулэ пльыжь-хужьыфэ 48-рэ, ауэ колонием и лэжьакІуэ набдзэгубдзапльэхэм я фІыщІэкІэ ахэр тутнакъхэм яІэрыхьакъым. Нэхъыщхьэращи, яубыдащ хуит ямыщІ хьэпшыпхэр бжыхьым щхьэпрызыдза баджащІэр.

Зэхуахьэса материалхэмрэ вещественнэхэмрэ ягъэхьащ КъБР-м щыІэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым.

КъБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Пенсэхэр

ЖаIэ псор уи фIэщ умыщI

Пенсионер куэдым яIэрыхьакъым къызэрагъэгугъа сом мин зырызыр

Дыгъэгъазэм и 20-хэм УФ-м и Правительствэм щыжаIауэ щыташ пенсэхэр нэхъ пасэу зэратынур: ИлъэсыщIэр ягъэльэпIэнщ я жыпхэр хуабэу, махуэшхуэ Iэнэхэр зэрауэдыну ерыскъыу щIэщыгъуэхэр къащъхунщ.

ЕЗы пенсэхэр япэрейхэм ещхьыжтэкъым - ику иту зы сом мин хэхъуауэ ятыну къагъэгугъат! Арщхьэкlэ псалъэхэмрэ Iэхуэхмрэ зэтемыкуэу къыщIэкIащ. Цlыхуэхр къагъапцIэу щIадзащ пасэ дыдэу: мурадыр зыхуэгъэзар пенсэ ныбжьыр къэлэтыным теухуа реформэр пхыгъэкIынырт. ЯпэщIыкIэ жаIащ пенсэхэм сом минкIэ заIэтыну. Куэдым ягугъащ мазэ къэс сом минкIэ нэхъыбэ яIэрыхьэну: илъэсым и кIэм ар сом мин 12 хъунут. Ауэ цIыхуэхэр зэтесабырэжа иужькIэ Правительствэм зэригъэзэхуэжащ: «Псори зэхэту зы сом минкIэ». ИужькIэ аргуэру зэрригъэзэхуэжащ: «Сом минкIэкъым, атIэ проценти 7,05-кIэщ». ИкIэм-икIэжьым ари пцIыуэ къыщIэкIащ, апхуэдизэ процентыр зытещIыхьауэ щытынур жьыгъэкIэ ят страховой пенсэхэрщ. 2018 гъэм апхуэдэ пенсэр сом мини 4-рэ 982,9-рэ хъуурэ щытащ. А ахъшэрщ къызэрагъэгугъа проценти 7,05-р зыхуцIагъуар. Арати, 2019 гъэм сом мини 5-рэ 334-рэ хъуащ. Есэп къызэрригъэкIын къызэригъэлъагъуэщи, пенсионерхэм я нэхъыбэм къызэрагъэгугъа сом миным и пIэкIэ хухагъахъуар сом 351,3-рэ къудейуц.

Абы щыгъуэми процентхэр дяпэкIэ нэхъри ехынущ: 2020 гъэм зэрыхьунур проценти 7,05-къым, атIэ проценти 6,6-рэщ, 2024 гъэр къэсмэ, нэхъри ехынущ - проценти 5,4-рэ.

● Улахуэхэр

Зэманым езэгъыжыркъым

Урысейм и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм (ФНПР) кьыхуриджащ лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэу ятыр (МРОТ) сом мин 25-м нагъэсыну. Ауэ ар кьайхьулIэныр фIэщщыгъуейщ. 2019 гъэм щыщылэм и 1-м а МРОТ-р сомри 117-кIэ къэзыIэта Правительствэр (фльэгъуэ хьэлэл!) абы арэзы техъэнукъым. Арщхьэ кIэ профсоюзхэмэ зыкъащIажа хуэдэщ. Федерацэм и Iэтащхэ Шмаков Михаил кьыхихуэщхьэхукIащ упсэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуэфеяу ягъэзыар цIыхуэхэм зэрахуримыкъур. «Дэ тедгъэчьныхьынущ ар сом мин 25-м нагъэсыну», - щIигъужащ абы.

Сом мин 11-рэ 280-р мылIэ Iусщ. АтIэ дэнэ кьыздикIынур ЖКХ-м, медицинэм и Iэхуэтхьэбзэхэм щIэттынур. Хабзэхэр щытепщэ къэралхэм зезыгъэщхьыну хущIэкъу Урысейм и дежкIэ ар емыкIыщ. Дауи, ФНПР-м и жэрдэмыр дэIыгъыпхэщ.

Къэрал Думэм и депутат зыбжанэ абы пэджжэкIащ.

- Улахуэ нэхъ мащIэ дыдэр кьызэрагъэтым ижь ящIихунущ ди къэралым и экономикэм и мызакъуэу, нэгъуэщI Iэнатlэхэри егъэфIэкIуэным. Псалъэм и хьэтыркIэ, ди дежьщ щIепсэну, щылэжьэну кьакIуэхэр нэхъыбэ хъунущ, - жиIащ ищхьэрэ палатэм Экономикэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьуэдзэ Гутенев Владимир («ЕР»).

Профсоюзхэм я тельхьэщ Къэрал Думэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Нилов Ярослав (ЛДПР)

- ГукIи псэкIи сыарэзыщ. Абы дыхуэкIуэн хуейщ.

Арщхьэкlэ, мыарэзыхэри щыIащ, Федерацэмкlэ Советым Социальнэ политикэмкIэ и комитетым и Iэтащхэ Рязанский Владимир щхьэусыгъуэ ещI:

- МРОТ-м хэгъэхъуэным занщIэу къокI щIыналъэхэм мы Iуэхум хухах ахъшэр ягъэбгъэгъэн хуейуэ. Ар абыхэм яхуэзэфIэкIынукъым.

ГъэщIагъэунщ икIи дгъэщIагъуэрэ дезэшащ: цIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным щытепсэльыхьхэм деж Урысейм апхуэдэ ахъшэ зэримыIэр щыжаIэкIэ ящогъупщэ ди къэралым и олигархэ зыбгъупщIым е тIощIым я мылъкум илъэс хъэз доллар мелард зыбжанэ зэрыхагъахъуэм и гугъу ящIыну. А мылъкур къэралым трах, къэзылIжьыр абы и цIыхуэхэр, арщхьэкIэ нэгъуэщI къэралхэм кьыщохутэ. Ар ящIэркъэ Федерацэмкlэ Советым хэтхэм?

Ахэр апхуэдэу щыгъуаззщ властым мис а мылIэIус МРОТ-р зыхуигъэува цIыхуэхэм ят налогхэм улахуэшхуэ дыдэхэр зиIэ а сенаторхэр зэрыхэтхъыкIым. Абы щыгъуэми, щIыналъэхэм кьыщалэжьхэм ящыщу езыхэм ахъхуэнэжьр процент 35-рщ, адрей процент 65-р федеральнэ бюджетым макIуэ. А щхьэусыгъуэм кьыхэкIыщIыналъэхэм сыт щыгъуи щIыхуэ ятелщ. ИщхьэкIэ ар щIыналъэхэм щытрагъэшэж нэфI-неигъэ хэльу, ахъшэшхуи дэлэлхэм яIорохэ.

ЩIагъэшлIэхэм кьалъытэ кьыхэкIа налогхэр щIыналъэхэм зэхуэдитIу трагуашэмэ, иужьрейхэм цIыхуэхэм я хэхъуэхэр кьаIэтыфыну, щIыпIэхэм ахъшэ яIэну. Арщхьэкlэ, кьулыкъущIэхэм я гупсысэр абы нэсыфыркъым.

Зытес къудамэр паупщIыж

Куржым и унафэщIхэм къагурыIуэркъым къэралыр гъуэгу шынагъуэм зэрытрашэр

Куржым и президенту иджыблагъэ хаха Зурабишвили Саломе жиIащ: «ИджыпстУ и чэзуркъым Урысейм декIужыну». АтIэ дапщащ а зэманыр кьыщысынур? Е ди гъунэгъу дыдэ къэралыр нэхъапэм зытеува гъэгъуэм зэгуэрыкIыным и мурад ящIэрэ? А упщIэхэм куэдым урагъэгупсыс, иджырей Куржыр Урысейм икI мыпхъум кьаназ щымыIэу зэрыприсэур къэплъытэмэ. Пэжщ, ар Прибалтикэм, Украинэм, Польшэм хуэдэу кьытухуэдзэлэшхэжыркъым, ауэ, итIани, и Iыхьэ иIыгъщ: США-м игъуэсу зауэм зыхуэгъэсэн Iэхуэхэр езым и щIыналъэм щрегъэкIуэкI, и тенджыз Iуфэм американ атом псыщIагъырыкIуэ кхъухьхэр кьыщIригъэблэгъэну тедзапIэ щеухэр, апхуэдэу Пентагоным и ахъшэкIэ Тбилиси и гъунэгъуу кьыщызэIуихащ «Уэыншагъэ» центри. Абы и цIэм зыри игъэщхьэрыуэн хуейкъым: мыр биологие Iэшэ лIэужьыгъуэщIэхэр кьыщагупсыс, щагъэунэху Iэхуэщ1апIэщ. Апхуэдэ кьыщызэIуахащ Украинэми, ди гъунэгъу нэгъуэщI къэрал зыбжанэми. Американ гъбзыгъэщ: аэхэр хуейкъым уз Iей дыдэхэр кьэзыгъэхъеи биологие Iэщэхэм езыхэм я деж щелэжьыну, ауэ адрей щIыпIэхэм ахъшэ щыщыгъэхьыркъым. Аэхэр зыхуэзэр Урысейм и гъунапкъэм пэгъунэгъуэрщ.

Сыт атIэ а псоми къашэнкIэ хъунур? Киев и щапхъэм иракIуэну зи мурад, Тбилиси щоуэ: УФ-м абы хуигъэгъунукъым Украинэм хуиIэ псори. Урысейхэмрэ украинхэмрэ, Президент Путин Владимир сыт щыгъуи кьызэрыхигъэщщи, зэкъуэш лъпкъщ икIи Москва а къэралым хуэгъэзауэ илэжь псори тращIыхьын хуейщ абы и цIыху кьыздригъэкIэжм зэран яхуэмыхьуным. Стратегие и лъэныкъуэкIэ иIэ мыхьэнэри куэдкIэ лъагэщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, зыми шэч кьыстрихьэрэ щIыналъэ зэкIэщIакIа хъуа лъэпкъитIри гува-щIэхами зэрызэгурыIуэжыным.

Аращи, игъэув санкцIэхэр псом япэу зыхуэгъэзар арыншами гугъу дыдэ ехь украинхэм я псэукIэр зэIымыгъэхьэнырщ. Абы щыхьэт тохъуэ къэралитIым зэдащI сатуми иужь илъэсым процент 30-кIэ зэрызиIэтар. Украинэм и электрокъарум и процент 60-р Урысейм и гъэсыныпхъэхэмкIэ кьалэжь. КIэрыфIыщIу зэбий хъуа къэралхэм апхуэдэ зэхуэцытыкIэхэр яку дэлъ хабзэхэм.

Куржыр-щэ? Урысейм дежкIэ абы и мыхьэнэр кьыпхуэмылъытэн хуэдизу нэхъ мащIэщ, я зэпыщIэнгъэхэр жьыжь кьыщIежьэ пэтми. А къэралым сыт щыгъуи кьыхуэлъэу щытащ зэрыпхъуакIуэхэр. Тхыдэм, уеблэмэ къыхощыж биийхэр я щIыналъэм ирахужьын папщIэ адыгэхэр куржыхэм мызэ-мытIэу зэрадзIэпыкъуар. ИкIэм-икIэжьым, «Тырку хэмрэ персхэмрэ сащыфхъуми!», - жиIэри Урысейм къыхэкIа «Георгиевский трактат» - аращ 18-нэ iпщIыгъуэм и кIэхъым зэращIыIа а зэгурыIуэныгъэм зэреджэр. Империем щыщ хъуа щIыналъэм шынагъуэр щхьэщыкIащ икIи ар и лъабжьэу лъэщу зиужьащ, езым Кавказ псом бжьыпэр щиубыдащ. «Тифлис зыIущIэлъым Кавказ псор Iэщ1эльщ» псэльафэр ауэ сытми къежьакъым. Псом хуэмыдэуи и кIэн кьыщикIар совет лъэхъэнэрщ. Дызыщыгъуаз щхьэусыгъуэхэм кьыхэкIыу, Куржыр зэгуэха республикэхэм я нэхъ гъэфIа дыдэ хъуащ, абы и цIыхуэхэр куэдкIэ нэхъыбэ псэурт, езыхэми я напщIэ телът. 1931 гъэм Абы хьазыр залымыгъэкIэ хагъэхъа иужькIэ, Куржыр империем ещхь хъуащ. Абы и пэкIэ а тIур зэи зыуэ щыта-къым, зэгъунэгъуми. Уеблэмэ СССР-р кьызэгъэпэщыным теухуауэ зэращIыпIа зэгурыIуэныгъэм щхьэхуэ-щхьэхуэу Iа традзащ. Езыхэр адрейхэм ефIэкIыу зыкъызэраIытэжар иужькIэ Куржым и щхьэм кьеуэжащ. А къэралыращ Литвам и гъусэу Совет Союзым япэу хэкIыжар, абы и пIэм ирагъэувэну я мурада СНГ-ми хьхьэн и щхьэ ирипсэкIым. Игъэщащ Къуэкъэпlэм Iэплlэешэкlкlэ ипхъэтэну, федерализмэм и хабзэм тету зэдэпсэуну. Абхъащаш къыхилъхьари идакъым, аращ абы и бийуэ зауэ щIыззхиублари. Иджы «Абхъазыр страхащ», - жеIэри мэкIий. Мыбдежьым нэгъуэщI дигу кьыщокIыжк: 1944 гъэм балъкъэрэр я хъаз ирагъэкIа иужь, лъэкIыныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ Берие Лаврентий къатрикъузэри, Iуащхьэмахуэ льапэ Куржым иратауэ щытащ. ПIалъэ кIэщIым а щIыпIэм совхозищ кьыщызэрагъэпэщащ. 1957 гъэм балъкъэрхэм къагъэззжа иужь ар республикэм кьыхьыхьжащ, куржыхэр псалъэмакIыншэу кIуэжащ. Ауэ ар кьыщIихъуар иджымэ, Тбилиси гъуэхъуэнуут: «ИгъащIэ льандэрэ ди шкIэ хъупIэу щыта Iуащхьэмахуэ льапэ ттрахащ».

Урысейм кьыщыIея иужь США-мрэ КъухьэпIэмрэ, зэрыгурыIуэщи, фIы зыIэхуащIащ. Абы игъэгушхуа ди гъунэгъуми гъунапкъэр зэхуищIащ. Абдеж белджылы къэхъуащ зэрыжэкъуар: куржы шагъыпим Къухьэпlэр зыкIи хуэмейуэ кьыщIэкIащ, абы езым апхуэдэ фадэ и куэдщ. Пхъащхьэмыщхьэхэри аращ. НАТО-м хагъахьэнукъым: абы и уставым и 5-нэ статьям хуит ищIыркъым щIыналъэкIэ ныкъуакъуэ къэрал а блокым хагъэхьэу. Евросоюзым и бжэри зэхуэщIауэ кьэплъыта хъунуц - иужь зэманым ар тетщ а зэгухьэныгъэм земыгъэубгъуным и гъэгум.

Куржым и Iэхуэр зэIыхьэпэнут, Урысейм и гъунапкъэр илъэсиблэ и пэкIэ хуэзIуимыхьжамэ. Иджы яку дэлъ сатури зэфIэувэжащ, нэхъыщхьэращи, ди туристхэр макIуэ (нэгъабэ и закъуэ цIыху мелуаным щIигъум зыщагъэпсэхуащ). Аращ и хэхъуапIэ нэхъыщхьэр.

Куржым и унафэщIхэм дерс кьызыхахын яIащ. Прибалтикэм и къэралхэм ахъшэшхуэ кьыщIахьырт я кхъухь тедзапIэхэм я хуэмапIэхэм (терминалхэм) Урысейм кьыхуаутIыпщ хьэпшып зэрыришалIэм. Псалъэм и хьэтыркIэ, Эстонием и закъуэ Iэрыхьэрт зэрыщыту и лъэпкъ хэхъуэм и Iыхьэ щанэр (доллар мелард). Ауэ я унафэщIхэм псалъэ фIейкэр хэрапэсу щIадза иужькIэ Москва егупсысащ апхуэдизу кьэзыгъэбий къэралхэм ахъшэ кьариГъэхьэжьын хэмейуэ. Иджы а хьэпшыпхэм я процент 40-р езым ихуэа терминалхэм щагунэщI. ЕтIанэгъэ щыщIэдзауэ Прибалтикэм ирашэлэжьыныкъым зы урысей хьэпшыпи. Мис ащ я политикэ мыхъумыщIэм къахуихьар. Куржыри зытеува гъэгъум тетмэ, ардыдэр кьыщыщIынущ. Узытес къудамэр пыбупщIыжмэ, кьыпщыщIынур гурыIуэгъуэщ. Абы папщIэ Москва терминалхэр ихуэну хуейкъым, и гъунапкъэр зэхуищIмэ, Тбилиси гъуэхъэнущ...

СССР-м и зэманым а къэралым щыху мелуани 5,5-рэ щыпсэуащ, иджы зэрыхъужыр мелуани 3,7-рщ. Куржыкъэр зэбгрокI: хэт Урысейм, хэти КъухьэпIэм лэжьакIуэ макIуэ. Апхуэдэу екIуэкIмэ, езым и щIыналъэмэ щигъэпсэун игъэтыжыкъым.

● Новэ Зеландие



Къалэхэмрэ къэралхэмрэ

Окленд Новэ Зеландием и нэхъ къалэшхуэ дыдэщ. Ар вулкан ужьыхьыжа 48-м я щIыпIэм щыIэщ. Иджы аэхэр бгы, гуэл, тафэ, хытIыгу хъужахэщ. Къалэм щопсэу цIыху мелуан 1,3 - 1,4-м хуэдиз - къэралым и цIыхуэхэм я Iыхьэ планэр. Езым и щIыналъэр километр зэбгъэнатIэ 1086-рэ мэхъу. Апхуэдизу зиубгъуащ!

Окленд «Парусхэм я къалэкIи» йоджэ. Мыбы кхъуафэжьей зэмылIэужьыгъуэхэм я зэпеуэхэр куэдрэ щокIуэкI. Апхуэдэ дыдэуи и кхъухь тедзапIэ ин дыдэри дунейм щыIэрыIуэщ.

«Махуэкум» и хьидэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Зи хьэрхуэрэгъуэхэр зыгъэгулэз Мырзэ Резуан

● Футбол

***Иужь лъэхъэнэм урысей футболым и цIэр фIыкIэ щыIуащ ди лъахэгъу Мырзэ Резуан. Ар Бахьсэн къыдальхуащ, и ныбжьыр илъэс тIощIрэ хъуи итщ. Топ джэгуным Налшык зыщыхуигъэсащ, ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ нэхъыщхьэм хэту зэрыджэгуар зы зэIущIэ закъуэщ. Адэкlэ и насыпыр къыщиIыхьэну ди къэралым и щIыпIэ куэдым къыщыщIидзащ. Иджыпсту Дон Iус Ростов и командэм ейщ, ауэ бэдзэнду абы иритауэ Тулэ и «Арсенал»-м щоджэгу.*

Куэдым ящIэж нэгъабэ ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэр щыдгъэлъэпIа накъыгъэ и 9-м къалэ-лIыхъужь Волгоград (нэхъапэм Сталинград) щыззэхэта Урысей Федерацэм и Кубокыр 2018 гъэм къэхьыныкIэ екIуэкI зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэр. Ди лъахэгъу Мырзэ Резуан абы щыдигъэкIа «дыщэ» топым и фIыгъэкIэ къэралым и футболт сауГът нэхъ лъапIэхэм ящыщ зыр Iэрыхьащ Ленинград областым и «Тосно» командэм.

ЗэIущIэм и кIыхьагъкIэ Iэззгъ лъагэ къигъэльэгъуащ Мырзэ Резуан. Абы еш ищIэртэкъым икIи щIэхщIэхьурэ я хьэрхуэрэгъу Курск и «Авангард»-м и гъуащхьэхъумэхэр хуабжьу игъэпIейтейрт. Щэч хэлъкъым мы зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэм ар и фIоболист нэхъыфIу зэрыщытам. Резуан и гугъуехьэр псыхьэIащ хъуакъым икIи 80-нэ дакъыкъэм ди гъэкIащ, нэхъапэм зэи къэмыхъуауэ, «Тосно» командэм Урысей Федерацэм и Кубокыр Iэрызыгъэхьа топыр. КъыхэжаныкIа ди щIалэм стадионым исхэм я деж гуфIэщагъэ зричащ икIи и футболкэр щихри, адыгэ ныпыр зытет джанэр къыщIигъэщащ «Cherkes» псалъэр ину тетхауэ...

Кубокымрэ дыщэ медалхэмрэ къратыну утыку къыщIашами, Мырзэ Резуан къихьащ адыгэ ныпыкуантIэм щIэту икIи и Iэпкъльапхъым ар къешэкIауэ гуфIэгъэгъуэр иIэтащ. Абы дэрэжэгъуэ къариташ ди лъэпкъэгъу псоми.

«Чемпионат» хъыбарегъащIэ агентствэм Мырзэ Резуан и интервьюишхуэ иджыблагъэ къытехуащ. Абы щыщ пычыгъуэхэр ди газетеджэхэми яфIэхьэлэмэт зэрыхъунум щэч къытетхъэркъым:

- Резуан, Инстаграммым ущиIэ напэкIуэцIым дыщыкъуэзащ «1763 - 1864 гъэхэм урыс-кавказ зауэр екIуэкIащ» Iыхьэм. Сыт абы къикIыр?

- А зауэм си лъэпкъым и процент 98-р ихьащ. Кьэзыщыщвгъэхъуфрэ, процент 100-м щыщу кьэнэжар процент 2 куэдещ. Язныкъуэхэм хэкIр ирагъэжар процент 2 куэдещ. Язныкъуэхэм хэкIр ирагъэжар, адрейхэр зэтраукIащ. Абы кьыхэкIыу илъэс къэс накъыгъэм (майм) и 21-м ахэр дигу кьыдогъэкIыж, дахуоцIыгъуэ. Адыгэ фащэр ящыгъыу, шугъэ щIыхуэхэр уэрамхэм кьыдохьэ. Ди топ джэгуГъуэхэр ирохьэлIэри, ЩIыгъуэ махуэм сызэрыхэтыфар зэ закъэщ, ауэ си унагъуэр Налшык щопсэури, абы сыт щыгъуи макIуэ.

- Унагъуэр Мэзкуу бгъэIэпхъуэну уегупсысакъэ?

- Ахэр кьыщалъхуа щIыпIэм пхуикIынукъым. Дауи, Мэзкуу псори щыбогъуэт. Сэ сигу ирохь махуэ зытIущIэ абы сыщыIэну, ауэ сыщыпсэну сыхуейкъым. Ди дежкIэ куэдкIэ щынэхъыфIщ, щызэпIэзэрытщ. Абы щыгъуэми Налшык уасэхэр щынэхъ пудщ, ерыскъыи куэдкIэ щынэхъ Iэфщ.

- Уэри къохьэлъэкIа кьыщIэкIынщ Кавказым укъикIыну?

- КъызэрыгурыIуэрт и чэзу зэрыхъуар командэфI сыхьхьэну. «Спартак-тIэкIыжащ, адрейхэр зэтраукIащ. Абы къыхэкIыу илъэс къэс накъыгъэм (майм) и 21-м ахэр дигу кьыдогъэкIыж, дахуоцIыгъуэ. Адыгэ фащэр ящыгъыу, шугъэ щIыхуэхэр уэрамхэм кьыдохьэ. Ди топ джэгуГъуэхэр ирохьэлIэри, ЩIыгъуэ махуэм сызэрыхэтыфар зэ закъэщ, ауэ си унагъуэр Налшык щопсэури, абы сыт щыгъуи макIуэ.

- Урыгъуэрт и чэзу зэрыхъуар командэфI сыхьхьэну. «Спартак-Налшыкым» джэгун щезгъэжьа къудейуэ фэбжь зэгъуэри, сакъыхэхуащ. Сыщыхьужам, къызгурыIуащ си пIэр зэраубдар. Арати, нэгъуэщI командэ сагъэкIуэну сыщIэпхъуащ. Кострома, Рязань къалэхэм сыщыджэгуащ.

- Тренер цIэрыIуэ Сёминым игу урихьауэ жаIэ?

- Пэжщ. И унафэм щIэт командэхэм сригъэблагъэну хэтауэ мызэ-мытIэу зэхэсхыжащ, уеблэмэ абы щхьэкIэ дыззхуэзауи щытащ. Арэзы сыхъу пэтащ, ауэ «Ахмат»-р кьысыщIэупщIэри, Грознэ сыIэпхъащ.

- Абдежым щыIэзфIэкIа?

- ИужькIи Сёминыр зи унафэщI Мэзкуу и «Локомотив»-р кьысыщIэупщIауэ жаIэ. Арщхьэкlэ абы щыгъуэми зыри кьикIакъым.

- ИтIанэ Мэзкуу и «Торпедо»-м ухыхьащ. Абы щыщыбгъэтащ топ дэбгъэкIа иужькIэ ислъэмей укъэфэныр.

- КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэхэм фыпэплъэ. Сыкъэфэну щхьэусыгъуэ щызгъуэтынкIи хъунщ.

- Урысей Федерацэм и Кубокым и финалым щыдэбгъэкIа топым иужькIэ куэдрэ уепщIыхьыжа?

- Хьэуэ. Язныкъуэхэм и деж IэфIу сигу ильэ, ауэ блэкIамкIэ упсэу хьунукъым. Алыхьым фIыщIэ хузощI апхуэдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ топ дэзгъэкIыну Iэмал кьызэрызитамкIэ.

- Абы щыгъуэм фызыдэджэгуа Курск и «Авангард»-р хэкIуэдэжыным нэсащ, уэ узыхэта «Тосно»-р зэхуащIыжащ.

- НэгъуэщI зы къэралми кьыщыхуфынукъым, я кубокым и финалым щыджэгуа командэхэр илъэсым кхуиубыдэу щыхэкIуэдэжу.

- «Тосно»-м гукъеуэ хууиIэ?

- Уи унагъуэр хэкури IэщIыб пщIауэ махуэ къэс уи узыншагъэр зыхэплъ-хьэ Iуэхум кьыщIыбложьа ахъщэр кьуцамытым и деж ар хьэлъэщ, Ауэ Кьыпщхьэщытым псори ельаГъу икIи и пIэ ирегъувэжк. Ленинград областым и губернаторми «Тосно» футболкомандэм и президентми кьыджаIэ зэпытт утыку дыкърамынэну. Мазэ зытIум и улахуэр кьыдатри, загъбзэхыжкащ. Зыр кьулыкъущIэу кьэнэжащ, адрейр депутат хъуащ.

- Иджыпсту узыхэт Тулэ и «Арсенал»-м мыхьэнэшхуэ зиIэ топиллI щыдэбгъэкIащ. Абы къэн ящыщу Мэзкуу и «Спартак»-м тIур лъысащ, Санкт-Петербург и «Зенит»-мрэ Грознэ и «Ахмат»-мрэ - зырыз. Дэтхэнэрэ уи дежкIэ нэхъ лъапIэр?

- Нэхъ сэбэп кьытхуэхъуаращ. Мэзкуу и «Спартак»-м дыIущIэн ипэкIэ ди Iуэхуэр щIагъэтэкъыным, Iэмал имыIэу дытекIуэн хуейт. Хьарзынэу кьыдэхъулIащ, си топитIри абыкIэ сэбэп хуащ. ЗэрыжаIэмкIэ, ар щхьэусыгъуэ хуэхъуащ «Спартак»-м и тренер нэхъыщхьэ Каррерэ трагъэкIыным. Абы и тIэкIэ трагъэува, ди гъэсакIуэ Кононовым фIыщIэ кьысхуищIыжакъым (мэгушыIэ).

Гъуащхьэхъуэныкъуэ Мырзэ Резуан и зэфIэкIым нэрылъагъуу хигъахъуэ зэпытщ. Ар щебгъэрыкIуэм и деж я хьэрхуэрэгъуэхэр егъэгулэз икIи джэгуи и кIыхьагъкIэ бэлыхьыр ятригъэльщ. Ущыгугъ хьунущ Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Черчесов Станислави икIэм-икIэжым абы гу къыльитэу дунейпсо утыку иришэну. Резуан ар и зэфIэкIымрэ IэзагъкIмкIэ къыилэжьащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Зэпеуэ нэхъыщхьэм хуокIуэ

● Бэнэкlэ хуит

Бэнэкlэмкlэ академием, Миндишвили и цIэр зезыхьэм, игъэува саугъэтхэр къэхьыныжкIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ тхьэмахуэ кIуам Красноярск къалэм щызэхтащ. ЕкъулIэныгъэ яIэу абы зыкъыщагъэльэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм.

КИЛОГРАММ 57-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэпеуэм и финалым нэса Гувэжыкъуэ Iэмырхъан хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуат Якутием щыщ Тютрин Арыйан. Хьэрхуэрэгъу ди щIалэр кIэух зэIущIэм къихьатэкъыми, къызэрыкIуэуэ къальытэрэ, къыхуагъэфащащ дыжьын медалращ.

Апхуэдэ дыдэу ищIащ килограмм 70-м нэс зи хьэлъагъэ Закlуий Анзор. Дыщэм щыщIэбэнын хуея ижь зэIущIэм ар хэтакъым икIи Дагъыстаным щыщ и хьэрхуэрэгъу Жамалов Разамбэч япэ ирагъэщащ.

Ди щIалэхэр кIэух зэIущIэхэм щыхэмытам и щхьэусыгъуэу куэдым кьалъытэ нобэ а къалэ дыдэм щыщIэзыдза Ярыгиным и фэеплъ дунейпсо зэхьэзэхуэм я къарумрэ узыншагъэмрэ хуахъумауэ - финалым зэрынэсам кьыхэкIыу Гувэжыкъуэ Iэмырхъан Закlуий Анзори абы хэтыну хуитыныгъэ къахьакIэт.

Анзор и анэкъэлъэу Азэмэти Ярыгиным и турнирым щыбзэнэщ. Миндишвили и цIэр зезыхьэ академием и саугъэтхэм щыщIэбэна зэпеуэм ар ещанэ щыхъуащ килограмм 92-м нэс зи хьэлъагъэхэм я зэхьэзэхуэм. Финал цIыкIум ар щефIэкIащ осетин бэнакIуэ Iадо Газзаев Бэтрэз икIи жэз медалыр зыIэригъэхащ.

Закlуий зэхъуэшхуэ Анзоррэ Азэмэтрэ, Гувэжыкъуэ Iэмырхъан Сымэ кьищIынэмыщIауэ Красноярск нобэ кьыщыщIэуах, дызыхуэкIуэ Олимп джэгуэхэм ягъэкIуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ, Ярыгиным и саугъэтхэм щыщIэбэныну дунейпсо зэхьэзэхуэм хэтынущ кьэгуащIэ ди щIалитIи. Ахэр иджыблагъэ Владикавказ щекIуэкIа «Аланхэр» зэхьэзэхуэм щытекIуэхэу Бищlо Тимуррэ (килограмм 74-м) Урыш Анзоррэщ (килограмм 92-м нэблагъэ).

ХЬЭТАУ Ислъам.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкlэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жылаесэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩIхьащэмыщI Иэз.

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолжьэныкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIэпсыр хъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэтезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хунтыныгъэр хъумэныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Залинэ, *редактор* Жьэкlэмыхьу Маринэ, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 2, 4-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дэIыпкъуэгъу* Нэужьокъуэ Заирэ. *Компьютерклэ газетым и тепльэр ящIащ* Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтхэм елэжьар* Бищу Жаниэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.214 ● Заказ №55